# ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 ирокъу!

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№56 (24.806) • 2025 гъэм накъыгъэм (майм) и 9, мэрем • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

# Зэи тщыгъупщэнукъым щIата пщIэм и инагъыр

## КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек ТекIуэныгъэм и махуэм ирихьэлIэу цIыхухэм зэрехъуэхъур

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэу пщIэ зыхуэсщIхэ!

Ди ветеран лъапIэхэ!

Си гум къыбгъэдэкIыу сынывохъуэхъу ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 зэрырикъумкIэ!

Дэтхэнэ зыми ди дежкIэ махуэшхуэ нэхъ лъапIэ дыдэу щыт ар и щыхьэтщ ди цIыхубэм я текIуэныгъэм и мыхьэнэм и инагъым икIи къызэрымыкIуэ лIыхъужьыгъэрэ псэемыблэжагъэрэ къагъэлъагъуэу ди Хэкур зыхъума, нацизмэр зэхэзыкъута ди адэхэм, ди адэшхуэхэм, абыхэм я адэжхэм яхуэтщI пщIэшхуэм и дамыгъэщ.

Нобэ ахэр псори ТекIуэныгъэм и лъагапIэм тетщ. Абы папщIэ ахэр зэуащ икIи лэжьащ, цIыхуфэм дэмыхуэн гугъуехьхэр я къару емыблэжу къыщцызэпачащ я гъащIэ гъуэгуанэм, псоми пхыкIри, зи лъапIагъэр тхыдэм игъащIэкIэ къыхэнэну ТекIуэныгъэр къахьащ.

Абыхэм къагъэлъэгъуа лIыхъужьыгъэмрэ къызэфIэмыщIэныгъэмрэ, Хэкум къулыкъу зэрыхуащIамрэ хьэлэлу зэрыхуэлэжьамрэ ди дежкIэ сыт щыгъуи щытынущ хэкупсагъэмрэ къэралым хуэпэжынымрэ я щапхъэ нэсу.

Хэку зауэшхуэм и зэманым фронтым хахуэу Iутахэмрэ я къару емыблэжу лэжьахэмрэ мыухыж щIыхь яхудощI!

Дэ зэи тщыгъупщэнукъым а ТекIуэныгъэм щIата пщIэм и инагъыр. Ди Къэбэрдей-Балъкъэрым и закъуэ и къуэрэ и пхъуу мин 40-м щIигъум я гъащIэхэр щIатащ абы.

Ди щхьэр нобэ яхудогъэшхъ Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм, абы и ветерану дунейм ехыжа псоми.

Дэ ди къалэнщ а фэеплъыр гъэлъэпIэным къытщIэхъуэ щIэблэр хуэдущиину. Псом хуэмыдэу нобэ, сэлэт-къегъэлакIуэхэм я къуэрылъхухэмрэ абыхэм я бын564хэмрэ дзэ Iуэху хэхам хэту Урысейм и щхьэхуитыныгъэмрэ шынагъуэншагъэмрэ къызэрагъэпэщын хуейуэ къащыхудэкIа мы зэманым, абы мыхьэнэшхуэ иIэщ.

Дэ дрогушхуэ ди лIыхъужьхэм, тщыгъупщэркъым хэкIуэдахэр. Я хахуагъэрэ псэемыблэжагъкIэ абыхэм къагъэлъэгъуащ Хэку зауэшхуэм хэтахэм я лIыхъужьыгъэм зэрыхуэфащэр.

Шэч къытесхьэркъым, текIуэныгъэр къэзыхьахэм къытхуагъэна лъапIэныгъэхэм, щапхъэхэм дытету, дызэкъуэту, ди цIыхубэм я псэ къулеигъэр ди тегъэщIапIэу, дэ сыт хуэдэ гугъуехьри къызэднэкIыфынущ, ди Хэкум зэрыхуэфэщэну, зыхуэдгъэувыжа къалэнхэр зэдгъэхъулIэфынущ.

Махуэшхуэмкiэ сынывохъуэхъу, си лъахэгъу лъапIэхэ! ТекIуэныгъэм и махуэмкIэ!




*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*




# ЛIыхъужьхэм я фэеплъыр Шэджэм къыщызэIуах

**Шэджэм къалэм накъыгъэм и 8-м къыщызэIуахащ ТекIуэныгъэм и Паркыр, Хэку зауэшхуэм лIыхъужьыгъэ къагъэлъагъуэу хэта ди хэкуэгъухэу Байсултанов Алимрэ Къуэныкъуей Назиррэ, зи къэралыр зыхъумэжу дзэ Iуэху хэхам хэтхэм я мемориалхэр. Абыхэм ехьэлIа зэхуэсым хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.**

«МЫ мемориалыр я дамыгъэщ лIакъуэхэм я зэпыщIэныгъэр зэрыбыдэм, Хэкум и хъумакIуэхэм яхуэтщI пщIэм, - щитхащ республикэм и Iэтащхьэм и телеграм-каналым. - Скульптурэ зэхэтым увыпIэ хэха щеубыд зэIузэпэщ ящIа щIыпIэ дахэм.

Паркыр къызэрагъэпэщащ «ЦIыхухэм я зэIузэпэщ псэукIэм хуэгъэпсауэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ. Ар щытынущ цIыху куэд зыхэт щэнхабзэ Iуэхухэр щрагъэкIуэкI, Шэджэм щIыналъэм щыпсэухэм я зыгъэпсэхупIэ екIуу.

ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 зэрырикъум къыхузэрагъэпэща махуэшхуэ дауэдапщэм хыхьэу творческэ гупхэм ягъэзэщIащ Къуэныкъуей Назиррэ Байсултанов Алимрэ ятеухуа уэрэдхэр. Аращ цIыхубэм я гум илъщ жыхуаIэр икIи а фэеплъыр зэи тщыгъупщэнукъым.

Зэхуэсым хэтащ щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэр, дзэ къулыкъум лIыгъэ къыщагъэлъагъуэу къэралыр зыхъума, зи гъащIэхэр къэкIуэну щIэблэхэм я мамыр псэукIэм щIэзыта щIалэхэр зыщыщ лъэпкъхэм я лIыкIуэхэр. Абыхэм я лIыхъужьыгъэр ящыгъупщэркъым, абыхэм ирогушхуэ.

Нобэрей дауэдапщэм иджыри зэ дигу къигъэкIыжащ Унагъуэм и илъэс екIуэкIам, иджы – Хэкум и хъумакIуэм и илъэсым япыщIа ди лъапIэныгъэхэмрэ хабзэхэмрэ».

# ЕхъулІэныгъэ нэрылъагъухэр

**КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек республикэм и Правительствэм хэтхэм ядригъэкІуэкІащ мы гъэм и япэ мазищым щІыналъэм хузэфІэкІахэр къыщапщытэжа зэІущІэ.**

АБЫ къызэрыщыхагъэщамкІэ, республикэм ехъулІэныгъэ хъарзынэхэр иІэу къызэринэкІащ а пІалъэр. Къапщтэмэ, промышленностым и индексыр проценти 107,2-рэ хъуащ. Лэжьыгъэ нэхъыфІ къызэгъэлъэгъуахэм ящыщщ мэкъумэш, ухуэныгъэ ІэнатІэхэр, щІыуэпс хъугъуэфІыгъуэхэр къыщІэхынымрэ абыхэм елэжьынымрэ пыщІа Іуэхущ1апІэхэр.

Инвестицэу лэжьыгъэхэм къыхалъхьар сом меларди 7,9-рэ хъуащ е илъэс кІуам и апхуэдэ пІалъэм зэрыщытам проценти 113-кІэ хуэкІуэу. Сатууэ ящІащ сом мелард 71-рэ и уасэ. Ар, уасэхэр зэпэплъытмэ, блэкІа илъэсым и япэ мазищым проценти 106,8-кІэ хуокІуэ. Туристу республикэм мазищым къриубыдэу къыхуэкІуащ цІыху мин 459-рэ, ар процент 15-м нэблагъэкІэ нэхъыбэщ 2024 гъэм и апхуэдэ зэманым ди деж зыщызыгъэпсэхуахэм нэхърэ. Хьэрычэт ІэнатІэ мащІэмрэ курытымрэ щылажьэхэр мин 23,4-м, зи щхьэ хуэлэжьэжхэр мин 85,5-м щІигъуащ. ЦІыхухэм я лэжьапщІэхэм зэрыхэхъуэр нэрылъагъущ, ІэнатІэншэхэм я бжыгъэми хощІ.

Лъэпкъ проектхэм хыхьэу мы гъэм республикэм щагъэзащІэ щІыналъэ проекту 39-рэ, сом меларди 10-м нэблагъэ хуэзэу. А ахъшэм щыщ сом меларди 2,9-м нэблагъэр республикэ бюджетым къыхэкІынущ. Апхуэдэуи сом мелард 62,2-рэ зытекІуэдэну къэрал программэ 26-м республикэ бюджетым хилъхьэнущ сом мелард 45,3-рэ. Абы къриkІуэнущ мэкъумэш, транспорт, егъэджэныгъэ, узыншагъэр хъумэн, цІыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкІэ защІэгъэкъуэн ІэнатІэхэм нэхъри заужьыныр.

Налогыу, абы щымыщ хэхъуэу республикэ бюджетым къыІэрыхьар илъэс кІуам и апхуэдэ пІалъэм елъытауэ сом меларди 2,5-кІэ нэхъыбэ хъуащ икІи проценти 150-м нэблагъэм щІигъуащ. Иужьрей илъэсхэм республикэ бюджетым хэхъуэ зэпытурэ йокІуэкІ. Абы Іэмал къет бюджетым къыхэкІыу лэжьапщІэ зратхэм я улахуэхэм хэгъэхъуэнымкІэ, цІыхухэр хущхъуэхэмкІэ къызэгъэпэщынымкІэ, нэгъуэщІ унэтІыныгъэхэми зегъэужьынымкІэ. Бюджетым и процент 72-м щІигъур зыхухэхар социальнэ унэтІыныгъэрщ.

ЗэІущІэм къыщыхагъэщащ щІыналъэм хуэмыщІауэ исхэм я бжыгъэм зэрыщыкІэрыхуари – зэрыщыта процент 25-м и пІэкІэ процент 11,7-м нэсу ехащ. А Іуэхум зэпымыууэ я нэІэ тетщ Правительствэми республикэм щІыпІэхэм унафэр щызехьэнымкІэ и ІуэхущІапІэхэми. Мы гъэми пащэнущ бюджет ІэнатІэм и лэжьакІуэхэм я улахуэхэм хэгъэхъуэным. Абы къыдэкІуэу, псэупІэ-коммунальнэ ІэнатІэм зэхъуэкІыныгъэхэр щегъэкІуэкІынми яужь ихьэнущ.

Зытепсэлъыхьа Іуэху псори хуэгъэзащ цІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным, къэралым и Президентым къигъэува къалэнхэр гъэзэщІэным.

# Фашизмэм ІэщІэкІуэдахэр

**Фашизмэм ІэщІэкІуэдахэм я фэеплъу Налшык къалэм дэтым удз гъэгъахэр трилъхьащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек.**

«МЫБДЕЖЫМ удз гъэгъа тралъхьагъащІэхэр щІэх-щІэхыурэ щыболъагъу, - иритхащ КІуэкІуэ Казбек и телеграм-каналым. – Хэку зауэшхуэм щыщІидзам щыгъуэ, къэралым и зыхъумэжыныгъэм телажьэ ІуэхущІапІэ зыбжанэ Налшык къагъэІэпхъуауэ щытащ. Жэщми махуэми я лэжьыгъэр зэпымыууэ, фронтыр зыхуэныкъуэ псори ягъэхьэзыру ІуэхущІапІэ 17-м.

НэгъуэщІ щІыпІэхэм къэрашурэ ди къалэм цІыху мин 16,5-рэ къагъэІэпхъуат. Абыхэм ящыщт ФизкультурэмкІэ институтыр, Лесгафт и цІэр зезыхьэр, апхуэдэу хамэ къэралыбзэхэр щадж институтыр, Ленинград и завод зыбжанэ, Мэзкуу дэт Художественнэ, Малый театрхэм я лэжьакІуэхэмрэ я унагъуэхэмрэ.

Налшык и санаторэхэмрэ сымаджэщхэмрэ госпиталь 12 къыщызэІуахауэ щытащ. 1941 гъэм и гъэмахуэм къыщыщІэдзауэ 1942 гъэм и бжьыхьэм нэсыху абыхэм щеІэзащ цІыху мин 60-м щІигъум.

Налшык хуит къащІыжын папщІэ зауэ гуащІэхэр ирагъэкІуэкІащ. Грознэмрэ Бакурэ щыІэ щІыдагъэр зыІэригъэхьан папщІэ зэбгъэрыкІуа Къэбэрдей-Балъкъэрым биийм щыфІэкІуэдащ и дзэми, и техникэми щыщ куэд.

Налшык къыдыхьа нэужь, Гитлер и пыхъуэпышэхэм къалэр зэтракъутащ: лагъымхэр къагъауэу, заводхэр, фабрикэхэр, унэхэр, сымаджэщхэр, школхэр, библиотекэхэр ягъэсу. Нэмыцэ армэм и фельдмаршал Клейст и унафэкІэ 1942 гъэм и кІэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ совет цІыху куэд яукІауэ щытащ. ЦІыхубз, сабий, зи ныбжь хэкІуэта цІыху куэд яІэщІэкІуэдащ фашистхэм.

Ахэр щаукІар мыбдеж дыдэрщ, аращ 1947 гъэм фашизмэм ІэщІэкІуэдахэм я фэеплъыр щаухуэну мы щІыпІэр къыщІыхахар. Абы тетхащ: «Фашист лейзехьэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр щаубыдам щыгъуэ яукІа цІыху 600-м я фэеплъу». Дэ ахэр зэи тщыгъупщэнукъым, абыхэм иращІари дгъэгъунукъым. Хейуэ хэкІуэдахэм ахърэт нэху Тхьэм къарит».



115-нэ Къабэрдей-Балъкъэр шу дивизэм и зауэлІхэр.

# ПхыкІащ гъэунэхуныгъэм

**Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм зи гуащІэрэ зи гъащІэрэ щымысхьыжахэм ящыщщ бзылъхугъэхэри. Адрей зауэхэм елъытауэ, цІыхубзхэр куэду зыхэтар ЕтІуанэ Дунейпсо зауэращ.**



Мэремыкъуэ Аня

КЪЭБГЪЭЛЪАГЪУЭМЭ, СССР-м и закъуэщ зи бзылъхугъэхэр зауэм апхуэдизу куэду хэтар. Тхыдэр щыхьэт зэрытехъуэжымкІэ, ІэщэкІэ зэщІэузэда къарухэм бзылъхугъэхэри къыхуеджэныр къызыхэкІар зауэм и пэм ди цІыхубэм хэщІыныгъэшхуэ зэригъуэтарат. ЗыхъумэжыныгъэмкІэ къэрал комитетым и унафэкІэ, 1942 гъэм дзэм щэ ираджат. Къулыкъум ираджэрт хъыджэбздэс зи ныбжьыр илъэс 18-м къыщыщІэдзауэ 25-м нэс хъухэр. Абыхэм нэхъ мащІэ дыдэу класси 5 - 7 къаухауэ щытын хуейт, ауэ даша псом и процент 40-м курыт щІэныгъэ яІапхъэт. 1941 - 1945 гъэхэм къриубыдэу дзэм ираджащ бзылъхугъэ 490 235-рэ.

Хэку зауэшхуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу хэта бзылъхугъэхэм я цІэхэм ущрохьэлІэ филологие щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор Башиевэ Светланэ архив дэфтэрхэр щызэхуихьэсыжа «Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и полк уахътыншэ» и къыдэкІыгъуэм. Абы ихуахэм ящыщщ:

***Абыдэ Ноннэ Шахьид и пхъур.*** Хъыджэбзыр 1942 гъэм и гъатхэм зауэм дэкІащ. 49-нэ армэм и 121-нэ фочауэ корпусым и дзэ-пощт ІэнатІэ № 35348-м и приёмщик нэхъыжьу щытащ, административнэ къулыкъум и лейтенатт. ИІэ дамыгъэхэр: Хэку зауэшхуэ орденым и етІуанэ нагъыщэмрэ «Кавказыр зэрихъумам папщІэ» медалымрэ. Ахэр щыхуагъэфэщам бзылъхугъэр псэужтэкъым.

***Мэремыкъуэ Аня.*** Япэ адыгэ парашютисткэ хъуар.

***Ораковэ Фаризат Мамыщ ипхъу.*** Зауэм 1941 гъэм и мэкъуауэгъуэм дэкІащ. Москва зыхъумахэм яхэтащ, 7-нэ гвардие корпусым и 55-нэ шуудзэ полкым и санитар взводым и унафэщІу щытащ, Сталинград щегъэжьауэ Варшавэ нэс кІуащ. И дамыгъэхэр: Хэку зауэшхуэ орденым и япэ, етІуанэ нагъыщэхэр, Вагъуэ Плъыжь орденыр.

**Сущинэ Татьянэ Иван ипхъу**. Дзэ Плъыжьым 1941 гъэм и шыщхьэуІум ираджащ. Медицинэ ІэнатІэм и лейтенант нэхъыщІэ. Къулыкъум къыпэрыкІащ 1945 гъэм жэпуэгъуэм и 2-м. И дамыгъэхэр: Хэку зауэшхуэ орденым и етІунэ нагъыщэмрэ «1941 – 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм Германием зэрыщытекІуам папщІэ» медалымрэ.

***Дзыгъур Джанзилэт Мыхьэмэт ипхъу.*** Губгъуэ сымаджэщым и дохутыр. 1942 гъэм и мэкъуауэгъуэм щегъэжьауэ Дзэ Плъыжьым къулыкъу щищІащ, уІэгъэшхуэ зимыІэхэм я сымаджэщ № 2098-м хирургиемкІэ и къудамэм и ординатору. Медицинэ ІэнатІэм и капитанщ. И дамыгъэхэр: Вагъуэ Плъыжь орден.

***Базоевэ Саният Хьэжыуэсмэн ипхъу.*** Зауэм езыр хуейуэ дэкІащ. 1077-нэ хьэуа-артиллерие полкым и санинструктору щытащ.

***Пахоменкэ Ольгэ Евгений ипхъу.*** 1941 гъэм и бадзэуэгъуэм Дзэ Плъыжьым ираджащ. Ветеринар ІэнатІэм и капитанщ. Къулыкъур иухащ 1945 гъэм щэкІуэгъуэм и 14-м. И дамыгъэхэр: «1941 – 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм Германием зэрыщытекІуам папщІэ» медалыр къыхуагъэфэщащ.

***Панайоти Юлие Андрей ипхъу.*** Хэку зауэшхуэм и зэманым Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м щылэжьа партизан гупым жыджэру хэтащ. ТІасхъэщІэх Іуэхум къикІыжу нэмыцэхэм яубыдри, 1942 гъэм фокІадэм и 22-м Бахъсэнёнкэ къуажэм щыпалъауэ щытащ. Хэку зауэшхуэ орденым и япэ нагъыщэр хуагъэфэщащ, езыр мыпсэужу.

***Гулевская Маринэ Гурий ипхъу.*** 1942 гъэм дзэм ираджащ. 295-нэ фочауэ гупым и батальоным и комсомол ІэнатІэм и секретау щытащ, лейтенантт. Хэку зауэшхуэ орденым и етІуанэ нагъыщэр къыхуагъэфэщащ.

***Ушаковэ Марие Яков ипхъу.*** Зауэм езыр дэкІащ. Сталинград зауэм хэтащ. Къулыкъу щищІащ Сталинград корпусым и ПВО-м. Налшык къалэм и курыт школ №9-м егъэджакІуэу щылэжьащ. Хэку зауэшхуэ орденым и етІунэ нагъыщэр иІэщ.

***Дурневэ Ольгэ Николай ипхъу.*** 1942 гъэм и мэлыжьыхьым КъБАССР-м и Налшык къалэ дзэ комиссариатым Дзэ Плъыжьым ириджащ. Сержант нэхъыщІэт. 1077-нэ хьэуа-артиллерие полкым и етІуанэ дивизионым и ещанэ батареем хэтащ. Сталинград трактор заводыр зыхъумахэм яхэтащ. И дамыгъэхэр: Хэку зауэшхуэ орденым и етІуанэ нагъыщэмрэ «Зауэм щиІэ фІыщІэм папщІэ» медалымрэ.

***Купреевэ (Кюршуновэ) Марие Кузьма ипхъу.*** 1942 гъэм къулыкъум ираджащ. 56-нэ дзэм и 317-нэ фочауэ гупым и 606-нэ полкым, 351-нэ фочауэ дивизэм и 1957-нэ полкым къулыкъу щищІащ. СвязымкІэ ротэм и телефонисткэ нэхъыжьу щытащ. Лейтенант нэхъыщІэт. И дамыгъэхэр: Хэку зауэшхуэ орденым и етІуанэ нагъыщэр, «Зауэм щиІэ фІыщІэм папщІэ», «1941 – 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм Германием зэрыщытекІуам папщІэ» медалхэр.

***Петренкэ Лидие Кузьмин ипхъу. Зауэм дэкІащ 1942 гъэм.*** Сержант нэхъыжьт. Кавказ Ищхъэрэ фронтым и 9-нэ дзэм и 351-нэ фочауэ гупым и 426-нэ медсанбатым къеІызых-зэхэзыдз взводым и санинструктор. И дамыгъэхэр: Хэку зауэшхуэ орденым и етІуанэ нагъыщэр, «Кавказыр зэрихъумам папщІэ», «Зауэм щиІэ фІыщІэм папщІэ» медалхэр.

***Козуб Александрэ Федосей ипхъу.*** Хэку зауэшхуэм и зэманым партизан гупым яхыхьащ. 1942 гъэм и щэкІуэгъуэм зэрыпхъуакІуэхэм яубыдащ, ауэ биийм зы хъыбар яІэригъэхьакъым. Езыр мыпсэужу, Хэку зауэшхуэ орденым и етІуанэ нагъыщэмрэ «Кавказыр зэрихъумам папщІэ» медалымрэ хуагъэфэщащ.

***Антиповэ Ольгэ Прокофий ипхъу.*** Зауэм езыр дэкІащ 1942 гъэм. Административнэ ІэнатІэм и лейтенант нэхъыщІэт. НКВД-м и къэрал кІуэцІ дзэхэм я 105-нэ фочауэ дивизэм и 267-нэ, 274-нэ фочауэ гупхэм къулыкъу щищІащ. Къулыкъум къыпэрыкІыжащ 1944 гъэм мэкъуауэгъуэ и 11-м. И дамыгъэхэр: «Кавказыр зэрихъумам папщІэ», «1941 – 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм Германием зэрыщытекІуам папщІэ» медалхэр хуагъэфэщащ.

ЛІыгъэ, хахуагъэ, лІыхъужьыгъэ! Арауэ къыщІэкІынтэкъым ахэр зыщІэхъуэпсар. Дэтхэнэ бзылъхугъэм хуэдэуи, я гум щагъафІэу къыщІэкІынт лъагъуныгъэ, унагъуэ насып, мамыр гъащІэ. Ауэ гъэунэхуныгъэхэм пхыкІыну я пщэ къыдэхуат... я лІыгъэри уахътыншэ хъуащ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# Хьэжмусэ и щІэблэм къыІэрыхьэжа дамыгъэ

**Хэку зауэ орденым и етІуанэ нагъыщэр Сыринэ Хьэжмусэ Мэзракъ и къуэм (1910 - 25.07.1944 гъ.) зэрыхуагъэфащэрэ илъэс 80-м нэблагъэ дэкІыжауэ, дамыгъэм и тхылъыр къыІэрагъэхьэжащ лІыхъужьым и пхъум.**

ХЭКУ зауэшхуэм хэкІуэдащ Мэзракъ и къуитІри. Лейтенант Хьэжмусэ и зауэ гъуэгуанэр къызэрекІуэкІар къэхутэжыным теухуауэ лэжьыгъэшхуэ зэфІагъэкІащ Урысейм и ФНС-м и управленэу КъБР-м щыІэм и къэрал налог инспектор нэхъыщхьэ, УФ-м и къэрал граждан ІэнатІэм езанэ класс зиІэ и чэнджэщэгъу Нэхущ Ахьмэдрэ Бахъсэн муниципальнэ районым и щІыпІэ администрацэм егъэджэныгъэмкІэ и управлением и къудамэм и ІэщІагъэлІ пажэ Нэхущ Дианэрэ. Абыхэм зэхуахьэсыжахэм фыщыдогъэгъуазэ.



Сыринэ Хьэжмусэ Мэзракъ и къуэр 1910 гъэм Тэрч областым и Налшык округым хыхьэ Къармэхьэблэ (иджы КъБР-м и Дзэлыкъуэ районым и Каменномост къуажэм) къыщалъхуащ, адыгэщ. И щхьэгъусэщ Къагъырмэс ФатІимэт Бэчыр и пхъур. 1941 гъэм гъатхэпэм и 15-м абы зэдагъуэтащ хъыджэбз цІыкІу, Алевтинэ фІащащ. Хьэжмусэ 1941 гъэм шыщхьэуІум и 24-м Пятигорск дзэ комиссариатым къулыкъу ищІэну ириджэри, Дзэ Плъыжьым хагъэхьащ.

Къулыкъу щищІа япэ мазэхэм теухуауэ мащІэщ хъыбару щыІэр. И дамыгъэхэр зэрыт тхылъым къызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, 1942 гъэм и накъыгъэм Ипщэ зэуапІэм Іутащ, 1943 гъэм гъатхэпэм и 3-м Ипщэ-къухьэпІэ лъэныкъуэмкІэ щыІэу уІэгъэ щыхъуащ.

ИужькІэ ар ебланэ фочауэ батальон щхьэхуэм хэхуащ. Апхуэдэ егъэрыкІуэ гупхэр зэуапІэм и гуащІэгъуэхэм хэтт. Къагъэлъэгъуа хахуагъэм папщІэ орден къратыхункІэ е уІэгъэ хъухункІэ а къалэныр ягъэзащІэрт. ЗэфІэкІ ин къэзыгъэлъэгъуахэр иужькІэ лъэсыдзэхэм ягъакІуэрт, унафэщІ къулыкъухэр яІыгъыу. Сыринэ Хьэжмуси Хэкум зэрыхуэпэжыр наІуэ ищІат. Ленинград фронтым и 109-нэ фочауэ корпусым и унафэщІым 1944 гъэм гъатхэпэм и 3-м къыдигъэкІа унафэ №011/н-м тету, ебланэ фочауэ офицер батальоным и топгъауэ, 2-нэ ранг зиІэ дзэхэр зыхуейхэмкІэ къызэзыгъэпэщ Сыринэ Хьэжмусэ Мэзракъ и къуэм къыхуагъэфэщащ Вагъуэ Плъыжь орденыр.

Дамыгъэр зэрыхуагъэфэщам щыхьэт техъуэ дэфтэрым, 1944 гъэм мазаем и 21-м ятхам, итщ: «2-нэ ранг зиІэ техник-интендант Сыринэ Хь. М. топгъауэ гупым хэту Нарвэ къалэм и ипщэ-къухьэпІэр зыубыда (1944 гъэм мазаем и 12-м) нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэм щебгъэрыкІуэм, бийм хэщІыныгъэ яритри, икІуэтхэм я гъуэгури зэхуищІащ. Мазаем и 13-м топышэкІэ нэмыцэр мэзым къыщІихури, зэхэуэм ехъулІэныгъэ щаІащ». Архив дэфтэрхэм зэрыхэлъымкІэ, 1944 гъэм мазаем и 25-м зэуапІэм щыІэу 7-нэ фочауэ егъэрыкІуэ батальоным и топгъауэ взводым и унафэщІ лейтенант Сыринэ Хьэжмусэ Мэзракъ и къуэм и лъэпхъуамбэхэр щІыІэм писыкІауэ 1944 гъэм мазаем и 29-м къыщыщІэдзауэ Ленинград къалэм ЭГ №1116-м щІэлъащ. Сымаджэщым къыщІэкІыжри, 1944 гъэм мэлыжьыхьым и 8-м, батальоным хыхьэжащ.

1944 гъэм и гъэмахуэм гуп унафэщІу ар яхэтащ Латвиер щхьэхуит къэзыщІыжахэм. Ещанэ Прибалтикэ зэуапІэм и 54-нэ дзэм и 123-нэ фочауэ гупым и унафэщІым 1944 гъэм фокІадэм и 1-м къыдигъэкІа унафэ №066/н-м тету, 285-нэ фочауэ дивизэм и 1017-нэ фочауэ полкым и топгъауэ гупым и унафэщІ лейтенант, ВКП (б)-м хэт Сыринэ Хьэжмусэ Мэзракъ и къуэм Хэку зауэм и орденым и етІуанэ нагъыщэр къыхуагъэфэщащ (езыр мыпсэужу).

Дамыгъэр зэрыратым теухуауэ 1944 гъэм шыщхьэуІум и 8-м ятха тхылъымпІэм итщ: «1944 гъэм бадзэуэгъуэм и 23-м щегъэжьауэ 30 пщІондэ Латвие ССР-м хыхьэ Куправэ къуажэм и Іэгъуэблагъэм щекІуэкІа зэхэуэм лІыгъэрэ хахуагъэрэ къыщигъэлъэгъуащ Сыринэ Хьэжмусэ. Зы махуэм къриубыдэу, абы лІыхъужьыгъэ хэлъу бийм я ебгъэрыкІуэу 4 къигъэувыІащ, нэмыцэ сэлэтрэ офицеру 30-м нэс иукІащ. Бийр икІуэтыжащ. 1944 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м зэрыпхъуакІуэхэр аргуэру къатезэрыгуащ. Я бжыгъэкІэ къазэрефІэкІым хуэдэу, Сыринэр зауэм хыхьэри, бийр хигъэщІащ я техникэр зэтрикъутащ. И Хэкур лІыгъэ хэлъу ихъумэу, а зэхэуэ гуащІэм Сыринэр хэкІуэдащ».

285-нэ фочауэ дивизэм игъуэта хэщІыныгъэхэм теухуауэ хъыбар зэрырагъащІэ тхылъымпІэм (1944 гъэм шыщхьэуІум и 11-м ятхам - №030039) зэритымкІэ, 1017-нэ фочауэ полкым и топгъауэ гупым и унафэщІ лейтенант Сыринэ Хьэжмусэ зауэм хэкІуэдащ 1944 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м. ЛІыхъужьыр япэу щыщІалъхьэжар Латвие ССР-м и Куправэ станицэм метр 450-кІэ и ищхъэрэкІэщ.

Абы и дэфтэрым къыщыгъэлъэгъуащ и щхьэгъусэ Сыринэ ФатІимэт Бэчыр и пхъур - КъБАССР-м и Нагорнэ районым хыхьэ Каменномост къуажэм щыпсэуар. Гуп унафэщІхэм бзылъхугъэм 1944 гъэм шыщхьэуІум и 1-м хъыбарегъащІэ къыІэрагъэхьат: «Уи щхьэгъусэ, топгъауэ гупым и унафэщІ, Къэбэрдей АССР-м и Нагорнэ районым хыхьэ Каменно-Матскэ къуажэм къыщалъхуа Сыринэ Хьэжмусэ 1944 гъэм бадзэуэгъуэм и 26-м лІыгъэ хэлъу, и дзэ щІыхьым пщІэ хуищІу зауэм хэкІуэдащ. Латвие ССР-м и Купровэ станицэм ищхъэрэкІэ метр 450-кІэ пыІухауэ ар щыщІалъхьэжащ».

ЩІалъхьэжахэм я цІэ-унэцІэхэр зэрыт тхылъымпІэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, лейтенант Сыринэ Хьэжмусэ Латвием и Балвскэ районым хыхьэ Купрavэ къуажэм къулыкъу ящІэу хэкІуэдахэм я кхъэу щыІэм етІуанэу щыщІалъхьэжащ. Абы и цІэр сыным тетхэжащ.

СССР-м и НКО-м кадрхэмкІэ и управленэ нэхъыщхьэм 1944 гъэм фокІадэм и 12-м къыдигъэкІа унафэ №02990-м итщ лейтенант Сыринэ Хьэжмусэ нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэм япэщІэту 1944 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м зэрыхэкІуэдам къыхэкІыу, Дзэ Плъыжьым зэрыхатхъыкІыжар.

Къыхэгъэщын хуейщ Сыринэм зауэм къыдыхэтахэм я зы ІуэхущІафэ. Военкоматым зы акт щыхъумащ, 1945 гъэм накъыгъэм и 21-м ятхауэ. Ар 1017-нэ фочауэ гупым и унафэщІхэм 1945 гъэм мэлыжьыхьым и 21-м Сыринэ Хьэжмусэ Вагъуэ Плъыжь орденыр къызэрыратынум теухуауэ военкоматым зэрызыхуагъэзарт. Дамыгъэр щхьэгъусэм иратыжащ.

Сыринэ Хьэжмусэ и цІэр Каменномостскэ къуажэм дэт фэеплъым тетщ. Апхуэдэуи дыщэ хьэрфкІэ и унэцІэр зэмыщхьу къытеІуэщІыкІащ Дзэлыкъуэкъуажэ щыІэ Фэеплъ блыным - «Сарынов Хажмуса Мурзаканович», «Сиринов Хажмуса Музракович», «Соринов Хажмуса Мурзаканович».

КъБР-м и Фэеплъ тхылъым (2015 гъэм къыдэкІам, 2-нэ том) 302-нэ и напэкІуэцІым итщ: «Сыринэ Хьэжмусэ Мырзэкъан и къуэр 1914 гъэм къалъхуащ, адыгэщ, Каменномост къуажэм къыщалъхуащ. Нагорнэ щІыналъэ военкоматым ар Совет Армэм ириджащ 1941 гъэм шыщхьэуІум и 24-м. Лейтенантщ. 1944 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м хэкІуэдащ. ЩыщІалъхьэжар Латвие ССР-м и Куправэ станицэрщ».

Абы мыпхуэдэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэжыпхъэу къагъэлъагъуэ: «Сыринэ Хьэжмусэ Мэзракъ и къуэр 1910 гъэм къалъхуащ, адыгэщ, Каменномост къуажэм щыщщ. Пятигорск дзэ комиссариатым Совет Армэм ириджащ 1941 гъэм шыщхьэуІум и 24-м. Лейтенантщ. ХэкІуэдащ 1944 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м. ЩыщІалъхьэжар Латвием и Вилякскэ щІыналъэм хыхьэ Куправэ къуажэм зауэлІхэм я кхъэу щыІэрщ».

Мы хъыбархэр къыщІэзыгъэщыжахэм Хьэжмусэ ипхъу Шакъ Алевтинэ къагъуэтащ. АбыкІэ сэбэп къахуэхъуащ Хьэжмусэ и къуэш нэхъыщІэ Билал и пхъурылъху Кумыщ Арсен. 2023 гъэм накъыгъэм и 24-м Хьэжмусэ и пхъум къыбгъэдэкІ тхыгъэ ягъэхьэзырри, УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкІэ и министерствэм кадрхэмкІэ и управленэ нэхъыщхьэм зыхуагъэзауэ щытащ лІыхъужьым СССР-м къыхуигъэфэщауэ къаІэрымыхьэжа къэрал дамыгъэхэм я тхылъыр къратыжыну елъэІуу.

Урысей Федерацэм ЗыхъумэжыныгъэмкІэ и министерствэм и архив нэхъыщхьэм и дэфтэрхэр къапщыта нэужь, жэуап къатхыжащ: япэрауэ, 109-нэ фочауэ корпусым и унафэщІым 1944 гъэм гъатхэпэм и 3-м къыдигъэкІа унафэ №011/н-м тету Вагъуэ Плъыжь орденыр Сыринэм къызэрыхуагъэфэщар. Дамыгъэм щыхьэт техъуэ и тхылъыр (№770331-р) 1997 гъэм гъатхэпэм и 12-м Налшык къалэм и дзэ комиссарым ирityжащ лІыхъужьым ипхъу Сыринэ Аллэ; етІуанэрауэ, 123-нэ фочауэ корпусым и унафэщІым 1944 гъэм фокІадэм и 1-м къыдигъэкІа унафэм ипкъ иткІэ, Сыринэ Хьэжмусэ къыхуагъэфэщащ Хэку зауэ орденым и етІуанэ нагъыщэр. Ауэ ар лІыхъужьым и Іыхьлыхэм Іэрагъэхьэжауэ зыщІыпІи къыщыдгъуэтакъым. 1941 гъэм фокІадэм и 8-м къыщыщІэдзауэ 1944 гъэм щІышылэм и 27 пщІондэ Ленинград зыхъумахэм Сыринэр яхэтауэ е «Ленинград зэрихъумам папщІэ» медалыр хуагъэфэщауи дэфтэрхэм хэлъкъым. Абы къыхэкІыу, Вагъуэ Плъыжь орденымрэ «Ленинград зэрихъумам папщІэ» медалымрэ я тхылъхэр щІывэттыжын щхьэусыгъуэ щыІэкъым. Хэку зауэм и орденым и етІуанэ нагъыщэм и тхылъыр къыфІэрыдгъэхьэжынущ, УФ-м и Президентым къэрал дамыгъэхэмкІэ и Управленэм хабзэм тету хуит дищІа нэужь».

Нэхущ Ахьмэдрэ Нэхущ Дианэрэ я къэхутэныгъэхэр ехъулІэныгъэ яІэу зэфІэкІащ.

Зыгъэхьэзырар **БАГЪЭТЫР Луизэщ**.

# Къэтэдж, къэрал абрагъуэ!

**Нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэр ди къэралым къызэрытеуам и хъыбар гущІыхьэр ди щІыналъэм и гъунапкъэ псоми зэуэ зэлъащІысат, бзухэмрэ жьы псынщІэмрэ зэбграхами ярейуэ. Хэку зауэшхуэр къызэрыхъейрэ махуитІ фэкІа мыхъуауэ, 1941 гъэм мэкъуауэгъуэм 24-м яуса, лъахэр хъумэжыным и гимн хъуа «Вставай, страна огромная!» уэрэдыр дэнэкІи къыщеуэрт. Ар къитырт щэнхабзэмкІэ унэхэм я гупэм, утхэм ит пкъохэм фІэлъ радиом. Къалэшхуэми къуажэ цІыкІухэми дэлъ лэжьыгъэ псори зэуэ я пщэ дэхуат бзылъхугъэ гуащІэмащІэхэм, абыхэм зыкъыпэщІагъакъуэрт зи Іэпкълъэпкъзэрымыубыда сабийхэм. Языныкъуэхэм и деж балигъхэми яхуэмыгъэкъаруун щахузэфІэкІ къэхъурт абыхэм. Гузэвэгъуэм уимыгъэщІэн щыІэ?!**

БЕЙТЫГЪУЭН (КІуэкІуэ) Дисдадэ и щхьэгъусэ Хьисэ дунейм зэрехыжрэ куэд мыщІауэ, унагъуэм къыІэрыхьащ иджыри зы хъыбар гуауэ. ЩІалитхурэ хъыджэбзитхурэ хъу бынунагъуэшхуэм ящыщу тІум - Алийрэ (1905 гъэм къалъхуащ) Гусмэнрэ (1916) дзэм ираджэ хъунухэм я ныбжькІэ яхэхуэрт. Ещанэ щІалэр - Билал (1922) - дзэм къулыкъу щищІэу Къэзахъстаным щыІэти, и къулыкъум зыхуигъэсэну хунэсахунэмыса жыпІэну, фронтым Іуашащ. Зыхуей хуэзэу зэщІэузэда нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэм плъыжьыдзэм хэту япэу пэщІэува щІалэщІэхэм ящыщщ Билал.

ЩІалэ нэхъыжь Алий гугъу зэрехьыр Іэщ фермэм зэрыщылажьэм и закъуэтэкъым, и щхьэгъусэр хьэлъэу сымэджауэ дунейм ехыжат цІыкІу-цІыкІуу быниплІ къыхуэнэри. И анэри и Іыхьлыхэри къыдэІэпыкъуэрт абы сыткІи. Лъагъуныгъэмрэ гущІэгъумрэ къахэхъукІ сабийхэм иджыри зы гугъуехь къапэплъэрт: я адэр зэуапІэм Іухьэнут. И бынхэм я щхьэм бадзэ зэрытрамыхужыфыр, балигъ хъуауэ зыри зэрахэмытыр, совет сэлэтхэр шхынкІэ зыхуей хуэгъэзэным куэд хэзыщІыхь фермэр гъэлэжьэн зэрыхуейр щхьэусыгъуэу Алий ирикъунут зауэм мыкІуэнымкІэ. Ауэ и щхьэ трилъхьакъым, и анэм и нэпсми къигъэувыІакъым, Хэкум и къыщхьэщыжакІуэхэм яхэмыхьэуи лъэкІакъым.Иныбжьэгъу-къуажэгъухэм ящІыгъуу зытегушхуа Іуэхут ар. Къулыкъу щищІар 15-нэ шу полкырщ.

Унагъуэм и нэхъыжьу къэнар Гусмэнт. Алий къыбгъэдэкІ япэ хъыбарыр къызэрыІэрыхьэу, Малкэ аузымрэ Каменномостскэ (Къармэхьэблэ) къуажэмрэ пшагъуэ фІыцІэр къыщхьэщыхьэнкІэ зэрыхъунур къызэрыжриІэу, зы дакъикъи зиІэжьакъым. Военкоматым лъэІу тхылъ щІилъхьэри, 1941 гъэр имыух щІыкІэ зэуапІэм Іухьащ. Ар хэтащ етІуанэ фочауэ дивизэм и 261-нэ фочауэ полкым.

Зи псалъэр тІу ямыщІу еса анэм зыри жиІакъым, пэщІэувэнуи игу къэкІыххакъым. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, зэрыцІыкІу лъандэрэ зэкъуэшитІыр зэрызэрыІыгъыр, зэмыгъусэу зы Іуэхуи къызэрырамыхьэжьэр ищІэжырти. ЩІалищ къару зыхуэчэм унагъуэр псэхугъуэ ямыщІэу лажьэрт. Фронтым Іутхэми ящІэрт я анэм, къуэшхэмрэ шыпхъухэмрэ, абыхэм яхуэдэхэм я фІыгъэкІэ ахэр щІакхъуэ Іыхьэ зэрыщымыщІэнур. Алий и сабийхэри дэІэпыкъуэгъу зэрыхъуным пылът, я адэмрэ я адэ къуэшхэмрэ шхын нэхъыбэ ялъэІэсын папщІэ.

Гусмэн сыт хуэдизрэ и къуэшым хуэзэну хущІэкъуами, ар къехъулІакъым, фронтым ахэр щызэІущІакъым. Украинэ лъэныкъуэмкІэ Алий щыщызауэм, зы къуажэм адрей кІэлъыкІуэу хуит къащІыжурэ Гусмэн Берлин нэсащ. И пэм къыщыщІэдзауэ и кІэм нэсыху зауэм хэта щІалэм къыхуагъэфэща дамыгъэхэм ящыщщ «Хэку зауэ» орденым и япэ нагъыщэр.

Билал зэуапІэ губгъуэм къинащ, теухуауэ и унагъуэм зы хъыбари къыІэрымыхьауэ. Псэуху абы пэплъащ и анэр, и къуэш-шыпхъухэм ящыщу зы цІыхум и жьэ къекІуакъым ар лІауэ жаІэну. Зы телъыджэ гуэрым щыгугъырт псори. ЛъыхъуакІуэхэм ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм и фІыгъэкІэ, 2016 гъэращ Бейтыгъуэн Билал Хьисэ и къуэм и кІуэдыкІэр сэтей къыщыхъуар. Абы ирихьэлІэу и анэкъилъхуу зыри псэужтэкъым. КъызэрыщІэкІамкІэ, 1941 гъэм екІуэкІа ебгъэрыкІуэныгъэхэм ящыщ зым лІыгъэ зэрихьэу щыхэкІуэдат ар. ЩаукІа урысей къуажэ цІыкІум щыщІалъхьэжащ, совет сэлэт куэдым я гъусэу.

ЦІыху дапщэ апхуэдэу иджыри щыІэ зи кхъащхьэ къамыгъуэтыжауэ, зи кІуэдыкІэ хъуар ямыщІэу? ЩІэблэ куэд къытщІэхъуэнущ иджыри лІыгъэ зезыхьэу, зи Хэку къыщхьэщыжу кІуэдахэр къэгъуэтыжыным хуэлэжьэн хуейуэ. Илъэс 19 фІэкІа мыхъуу, зи лъахэр зыхъумэжыну Іэщэр къэзыщта, пІалъэ кІэщІым къриубыдэу къэрал дамыгъэхэр зыхуагъэфэща, ауэ ди къэралым и ТекІуэныгъэ Иныр зымылъэгъуа Билал хуэдэхэм я цІэ-унэцІэр щІэх-щІэхыурэ газет, журнал напэкІуэцІхэм къытехуэн хуейщ. И цІэр зытетыпхъэри и благъэхэм илъэс зыбжанэ ипэкІэ къуажэкхъэм щыхуагъэува сыным и закъуэкъым, атІэ къалэ жыг хадэ цІыкІухэмрэ утхэмрэ ирагъэувэ фэеплъхэми тратхапхъэщ. Апхуэдэ ныбжьыщІэхэм я лІыгъэращ зи пащІэ-жьакІэ зэщІэмыхьа щІалэ цІынэ куэдыкІей тІэщІэзыха Хэку зауэшхуэм и тхыдэр джыным зезымыгъэлІалІэ щІэблэм щапхъэ зытрахын хуейр.

Украинэм и гъунапкъэм нэс нэмыцэхэр ихужауэ, зэхэуэ гуащІэхэм ящыщ зым Алий уІэгъэ хьэлъэ щыхъуащ, Днепр псым нэс зи гъусэу кІуа и ныбжьэгъу пэжыр илъагъуу хэкІуэдащ. Псэууэ къэна сэлэтхэр гъэр хъуат. Ауэ гужьеяуэ щІэпхъуэж хьэкІэкхъуэкІэхэм ахэр куэдрэ яІыгъыну къахуихуакъым: нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэр абыхэм я лъэмбым иту зыху северыдзэм гъэр хъуауэ яукІыну зыхунэмысахэр щхьэхуит къащІыжащ. Абыхэм Алии яхэтт. ШыщхьэуІу мазэм къыщыщІэдзауэ дыгъэгъазэ хъуху ар госпиталым щІэлъащ. ИужькІи нэгъуэщІ сымаджэщхэми и узыншагъэр щызэтрагъэувэжауэ, и сабийхэм я деж къагъэкІуэжащ никъуэдыкъуагъэ зэриІэм, адэкІэ зэрымызэуэфынум къыхэкІыу.

Алий лейуэ пхутепсэлъыхьынутэкъым зауэм, ауэ жиІэ мащІэм щыщт щхьэхуит къэзыщІыжа зауэлІхэм хуабжьу зэрыхуэарэзыр. ПсэухукІэ къыхамыхыжауэ абы и Іэпкълъэпкъым хэлъат шэ къэуэжхэм я дзакІэ. Сыт хуэдизу уІэгъэхэм зыкърагъащІэми, абыхэм Алий пІэм яхухэубыдакъым. Колхозым щылэжьащ. Иджы абы ищІэрт Іэщэхэм хуэдэ дыдэу, фронтым Іутхэр шхынкІи зыхуей хуэгъэзэн зэрыхуейр. Арат шэмэджрэ фІанэрэ къищтауэ, зыщымысхьыжу щІэлажьэр.

Зауэм и хьэзаб псори илъэгъуауэ, лІыгъэ зэрихьэу илъэсиплІ гъуэгуанэри зэпичауэ и адэжь лъапсэм къигъэзэжащ Гусмэни.

Къэралышхуэр зылІ и быну зэдэтэджу, зэрыпхъуакІуэхэр ди лъахэм изыхужахэм апхуэдиз хьэзаб щІашэчар дэ мамыру дыпсэун папщІэщи, а лІыхъужьхэр зэрыуахъътыншэр къыдгурыІуэу, я фэеплъхэм дыхуэсакъыу дыпсэун хуейуэ къызолъытэ.

**БЕЙТЫГЪУЭН ХьэІишэт**.


Абыдэ Залымхъан


Бжьэдыгъу Шэмсэдин


Къущхьэ БетIал


Шыд Ибрэхьим


Шыгъушэ Пщыкъан

# Зауэм и лыгъейм хисхьа ди журналистхэр

***«Адыгэ псалъэ» газетым и хэщIапIэр здэщыIэ Налшык дэт Печатым и унэм и епщIанэ къатым узэрытехьэу япэу узыхуэзэр зауэшхуэм и лыгъейм хисхьа ди редакцэм и лэжьакIуэу щытахэу, Хэкум шынагъуэ къыщылъысым къалэмыр зэзыгъэтIылъэкIыу Iэщэр къэзыщта Абыдэ Залымхъан, Къардэнгъущ Хъалид, Бжьэдыгъу Шэмсэдин, Къущхьэ БетIал, Шыгъушэ Пщыкъан, Шыд Ибрэхьим сымэ я цIэр зытетха фэеплъ пхъэбгъурщ. Ди япэ номерыр къызэрыдэкIрэ илъэсищэ щрикъум ирихьэлIэу дунейм къытехьа тхылъми открыткэ щхьэхуэми ахэр IупщIу къыщыхэдгъэщащ. Нобэ абыхэм я гугъу кIэщIу ныфхуэтщIынщ.***

ТЭРЧ районым хыхьэ Мартэзей (иджы Дей) къуажэм 1910 гъэм къыщалъхуа икIи къыщыхъуа **Абыдэ Залымхъан** «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр» газетым парт гъащIэмкIэ и къудамэм и унафэщIу редакцэм щылэжьащ. ИужькIэ Печатым и лэжьакIуэхэм я профсоюзым и республикэ комитетым и Iэтащхьэ хъуащ. 1941 гъэм газетым къигъэзэжауэ зауэм щIидзащ икIи мыгувэу дзэм дашащ. Абы къехъулIакъым и зэфIэкI псор журналистикэм къыщигъэлъэгъуэну.

Лейтенант Абыдэ Залымхъан и къару мащIэ хилъхьакъым бийр зэтекъутэным. Офицер хахуэр зауэлIхэм я дежкIэ щапхъэт икIи и псалъэр тIу ямыщIу жиIар ягъэзащIэрт. Абы сэлэтхэр игъэгушхуэрт, бийм ебгъэрыкIуэу ар зэрызэхакъутэфынур я фIэщ ищIыфырт.

1942 гъэм мазаем (февралым) и 2-м лIыгъэ къигъэлъагъуэу ар хэкIуэдащ. Залымхъан щыщIалъхьащ Ленинград областым щыIэ Сычёвэ къуажэм.

**Бжьэдыгъу Шэмсэдин** къыщалъхуа 1918 гъэм Даутокъуэ-Серебряковым и дзэхэм Аргуданыр яубыдат икIи большевикхэм я телъхьэхэр зэтраукIэу щIадзат. Абыхэм къалъыхъуэрт къуажэ мэкъумэшыщIэхэм я Iэтащхьэ, партизан Бжьэдыгъу Мусэ, ауэ къахуэгъуэтакъым.

И щхьэгъусэ Хьэбидэт, и къуэ цIыкIуитIымрэ и пхъумрэ и гъусэу, мэзым зыщигъэпщкIуат. Бандэм ар къащIащ икIи яубыдыну кIуащ. Хьэбидэтрэ сабийхэмрэ загъэпщкIуну зэрежьа шыгур, шыхэм ирахьэжьэри, щхьэпридзащ икIи анэм фэбжьышхуэ хихащ. Абы иужькIэ махуэ бжыгъэщ Хьэбидэт зэрыпсэужар.

Къуажэм къэкIуэжащ Мусэ, и фызыр щIалъхьауэ. И щхьэгъусэм и кхъащхьэм деж абы тхьэ щиIуащ илъ ищIэжыну. ИужькIэ ар и бынхэм ялъагъужакъым – граждан зауэм хэкIуэдащ. И сабийхэр я Iыхьлыхэм зрашэлIэжащ.

Мусэ гу зыщимыхуа и къуэ нэхъыщIэ Шэмсэдин къыдэкIуэтейри, Ленинскэ еджапIэ къалэ цIыкIум щеджащ. Ар цIыху жыджэрт, блын газетхэр къыдигъэкIырт. Пасэуи къалэмым дихьэхат икIи и тхыгъэхэр «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр» газетым щIэх-щIэхыурэ къытрадзэрт. А еджапIэр къиуха нэужь, ягъэкIуауэ щытащ газетым и адыгэ редакцэм. Ар лэжьащ собкорру, мэкъумэш къудамэм и унафэщIу. Абы и тхыгъэхэр екIурабгъуншэт икIи жант.

1941 гъэм Дзэ Плъыжьым ираджащ. 115-нэ шудзэм хэту фронтым кIуащ. Дивизэм и политрук Бжьэдыгъум псалъэкIи, езым и щапхъэмкIи зауэлIхэр игъэгушхуэрт. ЛIыгъэ къэзыгъэлъагъуэ зауэлIхэм ятеухуа и тхыгъэхэр фронтым къыщыдэкI газетым щIэх-щIэхыурэ къытехуэрт.

1942 гъэм и гъэмахуэм дивизэр къалмыкъ губгъуэм къихутащ. Зы махуэ гуэрым, тIасхъэщIэх кIуауэ, Бжьэдыгъур зыхэт гупыр нэмыцэхэм яIууащ. Абыхэм къуажэ гуэрым зыщагъэбыдат. АбыкIэ хъыбар зрагъэщIа командованэм гупым унафэ къыхуищIащ - зыIууа фашист тIасхъэщIэххэр езыхэм зэтраукIэну. Бжьэдыгъу Шэмсэдин а къалэныр Iэзэу икIи лIыгъэ хэлъу зэфIигъэкIащ, абы и гупым къуажэри хуит къащIыжащ.

115-нэ шу дивизэм ирагъэкIри, Бжьэдыгъур ягъэкIуащ дзэ училищэ. Лейтенант нэхъыжь цIэр иIэу ар къиуха нэужь, Харьков фочауэ дивизэм хагъэхьащ. Иджы ар ротэм и командирт, журналист IэщIагъэри зыщимыгъэгъупщэу газетхэми тхэрт.

Бжьэдыгъу Шэмсэдин и хахуагъэм хуэфащэ пщIэ къыхуащIауэ щытащ, абы кърататащ Бэракъ Плъыжь, Вагъуэ Плъыжь орденхэр, «И хахуагъэм папщIэ» медалу тIу.

1944 гъэм щIышылэм (январым) и 8-м Кировоградскэ областым и Александровскэ районым хыхьэ Нерубайкэ къуажэм щыхэкIуэдащ.

Бжьэдыгъу Шэмсэдин и цIэр аргудандэсхэм фIащащ ар къыщалъхуа унэр зытет уэрамым. Кировоградскэ областым хыхьэ Ясиновскэ къутырым, Шэмсэдин щыщIалъхьам, дэтщ абы и цIэ-унэцIэр дыщэ хьэрфхэмкIэ зытетха фэеплъ.

Ди деж щылэжьауэ Хэку зауэшхуэм лIыхъужьу хэкIуэдахэм ящыщ зыщ 1900 гъэм Жанхъуэтхьэблэ (Псыгуэнсу) къыщалъхуа **Къардэнгъущ Хъалид**. Ари «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр» газетым щыIащ илъэс зыбжанэкIэ. А зэманыр мащIэщ къалэмым хуэIэзэ журналист къыпхэкIын щхьэкIэ, ауэ ар хэзэгъат газет лэжьыгъэм. Хъалид и IэщIагъэм ехъулIэу, газет псалъэр пхигъэкIыфу щытащ. Абы къиухат Къбэрдей-Балъкъэр педингститым и филологие къудамэр икIи тхыгъэхэм бзэ жанкIэ къаIуатэрт зытепсэлъыхь зэманыр, цIыхухэр зэрыщытар.

Къардэнгъущ Хъалиди яхэтащ лъаIуэу фронтым кIуахэм. И псэр пытыху ар яхуэпэжащ Хэкум, къызыхэкIа лъэпкъым. Ар езыр хахуэу зауэ къудейтэкъым, атIэ и гъусэу фронтым Iут сэлэтхэр игъасэрт бийм щымышынэу икIи къыпамыкIухьу, текIуэныгъэр къызэрахьынур я фIэщ ищIырт.

1943 гъэм Кърымыр хуит къыщащIыжым хэкIуэдащ икIи абы щыщIалъхьащ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, Къардэнгъущ Хъалид и сурэт дгъуэтакъым икIи ар зиIэ ди газетеджэхэм къахэкIмэ, икъукIэ дыщыгуфIыкIынут.

**Къущхьэ БетIал** 1912 гъэм ХьэтIохъущыкъуей Ипщэ (Зеикъуэ) къуажэм къыщалъхуащ. Еджэным къыкIэрыхуауэ щIидзами, набдзэгубдзаплъэт, губзыгъэт икIи ерыщт, зыщIидза Iуэхур сыт щыгъуи и кIэм нигъэсырт.

Зеикъуэ курыт еджапIэм щIэсу тхэн иригъэжьати, газетхэм щIэх-щIэхыурэ къытехуэрт и тхыгъэхэр: корреспонденцэхэр, очеркхэмрэ рассказ кIэщIхэмрэ. Еджэным зи гур ета щIалэ цIыкIур и адэм Пятигорск ишащ икIи урыс школым щIигъэтIысхьащ. И адэм и ныбжьэгъу лIыжь гуэрым деж щыIэурэ абы щеджащ.

ИужькIэ БетIал, Ленинскэ еджапIэ къалэ цIыкIум щыпищащ. Ар къиухри, дзэм къулыкъу щищIащ. Дэнэ щыIами, и къалэнхэм яхуэпэжт икIи жэрдэм хэлъу зэфIигъэкIырт.

Зауэр къэхъеиным ипэкIэ Къущхьэ БетIал ягъэкIуауэ щытащ «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр» газетым. ЯпэщIыкIэ ар лэжьащ зэдзэкIакIуэу, пропагандэмрэ агитацэмкIэ къудамэм и унафэщIу. А IэнатIэхэм абы зыкъыщигъэлъэгъуат жэрдэм зыхэлъ къызэгъэпэщакIуэ гъуэзэджэуи 1941 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 25-м къыхуагъэфэщащ газетым и редактор къулыкъур. Абы ар тетащ Хэку зауэшхуэм щIидзэу нэмыцэдзэхэр ди лъахэм къэсыху.

ЗэрыпхъуакIуэ фашистхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщысым, Къущхьэ БетIал дзэм хыхьащ икIи Iэщэ иIыгъыу бийм япэуващ. Ар зэуапIэм Iутащ адыгэ нэсым, офицер хахуэм зэрыхуэфащэу, лIыгъэ хэлъу.

БетIал щIэхъуэпсырт ТекIуэныгъэр къыщытхьыну махуэм, ауэ абы ар илъэгъуакъым. И хэку лъапIэм, къызыхэкIа лъэпкъым, и къуажэгъухэм я хуитыныгъэм Iэщэ иIыгъыу щIэбэну ар зэуапIэм къыщаукIащ 1945 гъэм. ЩыщIалъхьащ Дон Iус Ростов къалэм пэмыжыжьэу.

Дахэу къежьат **Шыд Ибрэхьим** и гъащIэ гъуэгуанэр. 1912 гъэм ХьэтIохъущыкъуей Ипщэ (Зеикъуэ) къуажэм къыщалъхуа щIалэщIэр зыхэтхэм фIыкIэ сыт щыгъуи къахэщырт, мурадыфIхэр иIэт. «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр» газетым и къудамэм и унафэщIу щыткIэрэ, газетым и лэжьакIуий щIыгъуу, 1940 гъэм Союзпсо мэкъумэш выставкэм хэтат икIи абы и дыжьын медаль кърататауэ Москва къикIыжат.

«Шыд Ибрэхьим сэ фIыуэ сцIыхуу щытащ, - итхыжащ тхакIуэ Къэрмокъуэ Мухьэмэд. - Си нэгу щIэтщ а щIалэ дахэшхуэр. Ар нэ къуэлэнт, лIыгъэ зэрыхэлъым и щыхьэту, жьэпкъ дыкъуакъуэт. И щхьэц Iув фIыцIэхэм и натIэшхуэр къыщIэщырт. Ар зэрыщыту цIыху дахэт - псэ къабзэт, и нэгум губзыгъагъэр къиищу...».

Зи сабиигъуэр Октябрь революцэм ипэ илъэсхэм хиубыдахэм, еджэну Iэмал зимыIахэм ящыщт ар. Ауэ Совет властыр уври, Ибрэхьими нэхъуеиншэу щIэныгъэм зритащ. Езыри еджэрт, ликбезым хэту, и къуажэгъухэри иригъаджэрт. Ар ящыщщ къуажэм и япэ егъэджакIуэхэм, курыт щIэныгъэ зригъэгъуэту, иужькIэ институт къиухыу жылэм япэ дыдэ школым и бжэр ныбжьыщIэхэм къахузэIузыхахэм.

Зэман кIыхькIэ егъэджакIуэу лэжьащ Шыд Ибрэхьим. Ар колхоз комсомол организацэми и секретарт. ИужькIэ, и зэфIэкIым гу къылъатэри, комсомолым и Бахъсэн райкомым и япэ секретару хахауэ щытащ. ВКП (б)-м и парт школ нэхъыщхьэр къиухащ. А илъэсхэм быдэу къыпыщIауэ щытащ «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр» газетым. Арагъэнущ комсомол лэжьыгъэм къыщыхэкIыжым журналист IэнатIэр къыщIыхихари. Ар къуажэ, рабочэ корреспондентхэм ядэлэжьэнымкIэ газетым и къудамэм и унафэщIу щытащ.

1941 гъэм и бжьыхьэм къызэрагъэпэщу щIадзащ 115-нэ шу дивизэр. Абы хэту зауэм Iухьащ Шыд Ибрэхьим. Шуудзэр зыIуа гугъуехьышхуэхэри игъэващ. Дивизэм и политотделым и инструктору щыта Ахъуэхъу Асльэнбий къызэриIуэтэжамкIэ, Ибрэхьим хахуэу зауэу къаукIащ. Ар зэрыхъуари мыпхуэдэущ.

Губгъуэ пцIанэм шуудзэм танкхэмкIэ къыщебгъэрыкIуэрт нэмыцэхэр. Дивизэм и политотделым и унафэщI Селяев Махъты и гъусэу Шыд Ибрэхьим къалэнышхуэ и пщэ илъу Веселый къуажэм, штабыр здэщыIэм, къэкIуэжын хуейуэ къежьащ. Абыхэм къахуэзащ Ибрэхьим и къуажэгъу, и ныбжьэгъу, зауэм ипэкIэ комсомол, парт лэжьыгъэм хэта Мэршэнкъул Хьэбалэ. Аращ Ибрэхьим и кIуэдыкIам и хъыбарри къэзыхьыжар. Гупыр мыбдеж къыщагъэтIыса нэмыцэ десантым IущIэри, 1942 гъэм бадзэуэгъуэм и 26-м Большая Мартыновкэ жылагъуэм пэмыжыжьэу щыхэкIуэдащ.

Шыд Ибрэхьим къуитI къыщIэнати, тIури и адэм хуэфащэу къэгъуэгурыкIуащ.

**Шыгъушэ Пщыкъан** ящыщщ Хэкум, ТекIуэныгъэм щхьэкIэ зи псэр зытахэм. Ар 1903 гъэм Болэтей (Терекскэ) къуажэм къыщалъхуат, журналист ахъырзэмант - и бзэр шэрыуэт, и къалэмыр жант. Абы Москва къыщиухат газет лэжьакIуэхэр щагъэхьэзыр илъэсищ курсхэр, фIэфIт очеркхэмрэ рассказ кIэщIхэмрэ итхыну, ауэ псом хуэмыдэу хуэшэрыуэт фельетоным.

Пщыкъан лэжьэн щыщIидзащ «Къэрэхьэлъкъ» газетым 1928 гъэм. ИужькIэ Ленинскэ къалэ еджапIэ цIыкIум, партым и Тэрч райкомым, Бахъсэн щIыналъэм къыщыдэкI «Большевисткий путь» газетым къулыкъу лъагэхэр щиIыгъащ. Хэку зауэшхуэр къыщыхъеину илъэсым адыгэ газетым къигъэзэжащ жэуап зыхь и секретару. Журналистикэм зэрыхэта зэман мащIэм абы зыкъигъэлъэгъуат IэщIагъэлI Iэзэу, ныбжьэгъуфIу, хыхьэхэкI зиIэу.

Зауэр къызэрыхъейуэ ар военкоматым кIуащ икIи фронтым яшэну лъэIу тхылъ яритащ. Абы и лъэIур къыхуащIащ. Ротэм и командир Шыгъушэ Пщыкъан зауэлIхэм яхэтащ ахэр псалъэкIэ, щапхъэкIэ игъэгушхуэу, лIыгъэ яригъэлъагъуу, сыт хуэдэ къалэнри игъэзащIэу. 1942 гъэм и бадзэуэгъуэ (июль) мазэм ар щыхэкIуэдащ Дон Iус Ростов и Iэгъуэблагъэм.




**ХЬЭТАУ Ислъам**.

# Хэкум зи псэр щIэзыта Джэрыджэ зэкъуэшхэр

**Джэрыджэ Алджэрий и унагъуэр ехьэжьауэ псэухэм ящыщтэкъым. Дэни къикIынт ехьэжьауэ узэрыпсэун - Iэпщэрылажьэу колхозым хэтти, лэжьапщIэу къратыр унагъуэм шхыну яхурикъу къудейт. И щхьэгъусэ Нури лъэкI къыщигъанэртэкъым колхоз губгъуэм, ауэ абы лэжьыгъэм нэмыщIи зэрыбынипщI хъу унагъуэр къыщыгугъырт.**

ЕГЪЭЛЕЯУЭ гугъу дехьу къагъэтэджат зэщхьэгъусэхэм я бынийр. Иджы, Тхьэм и шыкуркIэ, щаIуэтэжыну зэманыр къэса хуэдэт. Iэминатрэ ХьэIиштрэ зэкIэ унагъуэ Iуэху нэхъыщхьэ ямыщIэфми, Чэмилэрэ ФатIимэтрэ я лэжьыгъэ Iыхьэ ирахьэкIырт. ЩIалэхэрщэ? «Джэрыджэ Алджэрий и къуэхэр» жрагъэIэу лэжьыгъэкIэ цIэрыIуэт. Хьэлыми, Хъусейни, Анатоли зи къэшэгъуэ щауэхэт, Исмэхьили и пащIэжьакIэ зэщIэувэу хуежьат. ПхужымыIэным хуэдизт и бынхэм яхэплъа нэужь Нурэ и гур зэрыхэхъуэр. Зи узыншагъэр мыщIагъуэж Алджэрии и щIалэхэм щэхуу якIэлъыплъырт, я лэжьэкIэмрэ дуней тетыкIэмрэ гугъэм я нэхъ дахэр пищIэу. Псом хуэмыдэу адэ-анэм я гур фIы къыхуэзыщIыр гъэфIагъыбзэу ТIутIэкIэ зэджэ Анатолэт. Ар икъукIэ гумащIэт Iэщабэ-Iущабэт, адрей и къуэшхэм къащхьэщыкIыу, и гур щIэныгъэмкIэ щыIэт. Курс гуэрхэри парт школри къиухат, къуажэ комсомол организацэм и секретару щытат. Адыгэбзэри и псэм хэлъти, абы ирилэжьэну хъуапсэрт.

А гуращэр и гъуэгугъэлъагъуэу, Анатолэ, псори къигъанэри, «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр» газетым щылэжьэну уват. Илъэс 19-м зэрыщхьэдэха щымыIэми, ар щIалэ зэщIэкъуат, жыджэрт, гъэсэныгъэ дахэ хэлът. Газетыр зыхуейр кIуэрыкIуэм тету къипхъуатэрт, и бзэр жант, и тхыгъэхэр шэрыуэт. Апхуэдэущ щIалэ къамылыфэ щхьэпэлъагэр ягу къызэринэжар а зэманым къыдэлэжьахэм. Ауэ лэжьапIэ дыдэми хэIущIыIу зыщимыщIу Анатолэ нэгъуэщI зэчиягъи бгъэдэлът: абы пхъэм къыхищIыкIырт сурэт гъэщIэгъуэн дыдэхэр, а IэщIагъэми Налшык изостудием щыхуеджат. Апхуэдэу, нэхъ пэгъунэгъу дыдэхэм фIэкIа яримыгъэлъагъуми, абы игъэхьэзырырт и гущIагъщIэлъ нэхъ IэфIхэр щызэхуэхьэса усэ тхылъ...

И илъэс бжыгъэр нэсати, редакцэм щIашри, Джэрыджэ Анатолэ дзэм ираджащ. Куэд мыщIэуи ар къыщIэхуташ танкистхэр щагъэхьэзыру Чкалов къалэм дэта училищэм. ЩIалэ жаныр мыбыи щапхъэ игъэлъагъуэу щеджащ. Ар къиуха нэужь, лейтенант нэхъыщIэ Джэрыджэр зауэм Iухьащ танк взводым и командиру. А зэманым зэуапIэм Iутт Анатолэ и къуэш нэхъыжь дыдэ Хьэлым, 1939 гъэм дзэм ираджар. Зэшхэм ящыщ Хъусейн 115-нэ шу дивизэм хэтт. И чэзур къэсащ Исмэхьили: илъэс 18 зэрырикъуу ари 1942 гъэм зауэм дашащ...

Зэшыпхъухэм я нэхъыжь Чэмилэ ихъумауэ щытащ я дэлъхухэм зауэм кърахтыкIа письмохэр. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри къыпхуэщтэркъым, умыпIейтейуэ. Ухуей-ухуэмейми уи псэм къылъоIэс илъэс 75 - 80 ипэкIэ зи щIалэгъуэу щыта адыгэ щIалэхэм я гурыгъу-гурыщIэ къызэрыгуэкIхэр. УмыгъэщIагъуэу къанэркъым махуэ къэс ажалым и нэгум иплъэу зауэм Iут цIыхум, езым и щхьэр къыфIэмыIуэхужу, адэ-анэм папщIэ и гур зэрыгъур, унагъуэм зыгуэркIэ зыщIигъэкъуэну зэрыхэтыр, къыдалъхуахэм гумащIагъэрэ гущIэгъуу яхуиIэр. ЦIыху гумащIэр зауэми гумащIэу къыщынэж къыщIэкIынщ.

Хуит укъамыщIамэ, хамэ письмо укъеджэным емыкIу зэрыпылъыр гурыIуэгъуэщ. Нэхъ къемызэгъыжщ ар газетым къытебдзэныр. Ауэ зи гугъу сщIа тхыгъэ куэдым къахэсха мы письмохэр зей Джэрыджэ Анатолэ апхуэдэ лъэIукIэ зыхуэбгъэзэжыфынукъым. Зыхуатхахэм хуит дыкъыщащIакIэ, зытхам и фэеплъ ирехъу, письмохэм щыщ пычыгъуэ зыбжанэ мыбдеж къыщысхьынщ зэрытха дыдэм хуэдэу, зы псалъи зэзмыхъуэкIауэ. Зауэм Iутым къитхыр, дауи, романкъым икIи рассказкъым. Ар хэт и дежкIи гурыIуэгъуэщ. Анатоли и дэтхэнэ письмоми къытригъэзэжурэ щызэтохуэ къигъэна псом я узыншагъэм зэрыщIэупщIэри, езым лажьэ зэримыIэри, я сурэт хуагъэхьыну зэрылъаIуэри, аргуэру ахъшэ къазэрыхуиутIыпщари, нэгъуэщI куэдри. Ауэ письмоуэ хъуам хэмытыр зыщ: зауэм зэрыIутырщ. Абы къыхэкIыуи гугъущ Анатолэ щызэуа щIыпIэхэмрэ зэрызэуа щIыкIэмрэ зэфIэбгъэувэжыну. Пэжу, ар нэгъуэщI Iуэхущ.

Мыри къыхэзгъэщыну сыхуейт: Анатолэ япэ письмохэр къызэритхар редакцэм здриха, адыгэ газетым и псалъащхьэр зытет тхылъымпIэщ. ИщIэ къыщIэкIынт тхылъымпIэ дыдэри зэпэубыда зэрыхъунур.

«... Исмэхьил къигъэхьа письмор къысIэрыхьащ. Хуабжьу сигу ныкъуэщ фи псэукIэм папщIэ, ауэ сыт, мыбы дыщыIэу зы Iэмал диIэкъым. Гъавэ ямытмэ, сыт фшхырэ, дауэ фыхъурэ, псори къысхуэфтх. 4.03.1941 гъэ».

«... Училищэ сызыщIэсам иджыри сыщIэсщ. Лейтенанту, танкисту соджэ. Автомашинэри танкри игъащIэм сисам хуэдэу сызэрыхуейуэ къызохуэкI. Ар IэщIагъэ схуэхъунщ жысIэу зэи сигу къэкIынтэкъым. Хъусейн, ди къуажэ щIалэ дэкIахэм ящыщу хэт письмо къитхрэ? Хьэлым и хъыбар зэрызмыщIэм сегъэгузавэ, фэри абы и письмо къызэрыфхуэмыкIуэ? Сэ дяпэкIэ сымыгувэурэ нэстхынущ, сыту жыпIэмэ, Ныуэ зэрыгузавэр сощIэ. Хуабжьу псори сигу фыкъэкIащ. Дунейм теткъым къуэш-шыпхъу уиIэу, адэ-анэ уиIэу ущытын нэхърэ нэхъыфI.

Си адэ лъапIэ, си анэ дыщэ, си шыпхъухэ, узыншагъэр Тхьэм къывит, сэ сыузыншэщ, абы хуэдэу сыузыншэуи сыныфхуэкIуэжынщ. Чкалов, 21.09.1941 гъэ».

«Дауэ фыщыт псори, сыт хуэдэу фыпсэурэ? Сэ сыфIщ, си гур щIэныкъуэр фэращ. Исмэхьил и письмори къысIэрыхьащ. Исмэхьил, колхозым ущылажьэми, нэгъуэщI щIыпIэ ущылажьэми, хьетI жегъэIэ. Уэращ мысыхьэткIэ ди адэмрэ анэмрэ Iуэху яхуэзыщIэну яIэр, сыт жаIэми щIэ, ягу зумыгъабгъэ. Унагъуэм и сэбэп къызыпыкIын лэжьыгъэ гуэр уэ умыщIэмэ, уадэмыIэпыкъумэ, а тIум я закъуэ сыт ящIэн? Сэ иджы си Iэпэм содзэкъэж, «иджы щытыжащэрэт сылажьэу ди деж сыщыIэжу, зыри зытезмыгъакIуэу дыпсэунт», жызоIэ.

Хъусейн шу ягъэшэсахэм яхэтщ жыпIащи, дэкIа, хьэмэрэ иджыри Нартан щыIэ? Абыи срогузавэ. Ныуэ гъыуэ къыщIэкIынщ, иремыгузавэ дэр щхьэкIэ, Тхьэм жыхуиIар хъунщ. 16.03.1942 гъэ».

«... Фэ къывотх уэ зыкъэбгъанэу дэ ахъшэ къытхуумыгъэхь жывоIэри. Сэ сыту сщIын ахъшэр? Фэ фыкъэзгъанэу си жып ахъшэр схуилъхьэнукъым. КъыфIэрыхьами сщIэркъым, мыбы ипэ иту сом минищ ныфхуезгъэхьащ, иджыри апхуэдиз ныфхуезгъэхьынущ. Узыншэу фыщыт, къысщIэупщIэ псоми сэлам схуефхыж. 12.07.1943гъэ».

«Си адэ лъапIэ, си анэ дыщэ, си шыпхъуфIхэ, дауэ фыщыт псори? Иджыри ахъшэ ныфхузогъэхь - сом 1500-рэ. Тхьэм узыншагъэкIэ фигъэшх. Сэ сывдэIэпыкъуну Iэмал зэрызгъуэтыр аращ зэкIэ. Ад, сыт ухуэдэ, сигу укъэкIащ. Уи сурэт щхьэкIэ сынолъэIуати, сыту къысхуумыгъэхьрэ? Ныуэ, уи сурэт сиIэщи, махуэ къэс соплъ, ауэ ХьэIишэт и сурэтщ жыфIэу къысхуевгъэхьар си фIэщ хъуркъым арауэ: апхуэдэу гъур цIыкIуу.

Фымыгузавэ, дынэкIуэжынщи, псори дыкъэщIэрэщIэжынщ. 22.02.1944 гъэ».

«... Иужь зэманым фи письмо къысIэрыхьэжыркъым, сэ письмо зытIущ нэстха пэтми. Августым и 19-м си сурэт ныфхуезгъэхьащ, ахъши щIыгъуу. КъыфIэрыхьа? Сэ сыхъарзынэщ, зыри сыхуэныкъуэкъым, сыщIэгузавэр фэращ.

Иджыблагъэ щIалэ 15 сыхуэзат ди щIыпIэм къикIауэ. Зыр Кэнжэ щыщт, Iэпщэхэ ейт. Псори щIалэ дыдэт, 1923 гъэм къалъхуахэу, ауэ орден, медаль къэзыхьахэр яхэтт. Хуабжьу сащыгуфIыкIащ.

Письмо къысхуэфтх, фи хъыбар сщIэмэ, си гур мэзагъэ. 16.09.1944 гъэ».

«... Исмэхьил здэщыIэр къысхуэфтхыну дапщэрэ сынывэлъэIуами, абы и жэуап къызэфтакъым. Сэ щхьэкIэ фымыгузавэ, сэ сыхъарзынэщ.

ЕрыскъыкIэ дауэ фIыхъурэ, колхозым зыгуэр къывитрэ?

Иджыпсту сом мин ныозоутIыпщ, иужькIи ныфхуезгъэхьынущ. Мыгувэу дызэрылъагъужыну къыщIэкIынщ. Узыншэу фыщыт».

«Си анэ IэфI, си адэ лъапIэ, фи письмор къысIэрыхьащ. Сэ фыкъысщIэупщIэмэ, фэр нэхъ гукъеуэ сиIэкъым, сыузыншэщ. Ныуэ, уэ къыботх уэ къебгъэхь письмом нэхъ гуфIэгъуэ мы сыхьэткIэ диIэкъым, ахэр си гуфIакIэм дэлъу къызохьэкI, ба хуэсщIу, жоIэри. Сэр папщIэ гузэвэгъуэ узэрыхэтыр сощIэ, ауэ сынолъэIу нэпс щIумыгъэкIыну, унэщхъейуэ цIыхухэм закъыумыгъэлъагъуну.

Аращи, зэрыбынунагъуэу узыншагъэр Тхьэм къывит, сэ узыншэу сынэкIуэжынщи, дызэрылъагъужынщ, хъыбар куэди зэхуэтIуэтэнщ».

ТIутIэ иужьрейуэ къитха письмоитIым щIэткъым ахэр къыздритхыкIа щIыпIэри къыщитха илъэсри. ХуэбгъэфащэзэрыхъунумкIэ, ахэр уэсят пэлъытэу къыпщызыгъэхъу гуэрхэри хэлъщ абыхэм. Псэм зыхещIэ и уахътыр къыщыблэгъар. Хэт ищIэн, зауэр и кIэм нэсами, Анатолэ и псэми ищIагъэнт текIуэныгъэр зи нэкIэ зылъагъунухэм зэрахэмыхуэнур. КъыгурыIуэ къыщIэкIынт абы и иужьрей псалъэхэри адэ-анэм я гугъэр хезымыгъэхыжын пцIы дахэу зэрыщытыр...

- Зауэр зэриухам и хъыбарыр Брамтэми къэсати, хэти и гуфIэгъуэт, хэти и хьэдагъэт, - игу къигъэкIыжырт щIалэхэм я шыпхъу ФатIимэт. - Си дэлъхухэм я письмо куэд щIауэ къытIэрымыхьами, дэри ди гугъэр хэтхыжатэкъым. Ди анэр куэбжэпэм къыIунэжауэ Iутт, сапемыжьауэ къэсыжмэ, дауэ хъун жиIэрти. АтIэми хъыбар гуэри къытIэрымыхьэу зэманыр кIуэрт. АрщхьэкIэ ди гугъапIэ псори щыкъуэтлъхьэжа махуэри къэсащ, военкоматым и лэжьакIуэ гуэр къытхуэкIуэри. Ди гуауэр псынщIэ къытщызыщIыну псалъэ гуэрхэр къыджиIэри, абы стIолым къытрилъхьащ ордениплI: Хэку зауэшхуэм и ордену тIурэ Вагъуэ Плъыжь орденитIрэ. А плIыри ТIутIэ ейт. Ди анэр делэ хъуам хуэдэу еплъырт фызи къашэну хунэмысауэ зауэм дигъэкIа и къуэ уардиплIым я пIэкIэ стIолым къыхутралъхьа ордениплIым.

Военкоматым къикIам Джэрыджэ Анатолэ офицер хахуэу, щхьэмыгъазэу зэрыщытам, абы зэрихьа лIыгъэм, Хэкум пщIэшхуэ къызэрыхуищIам теухуауэ зыгуэрхэр жиIэрт, ауэ абы и псалъэхэм хэт едэIуэжрэт?... Абыхэм я лъапсэм псы ижыхьыжат. Зыщыгугъын щымыIэжу иджы хьэкъ ящыхъуат иджыри къэс я фIэщ яхуэмыщIа псори: Хъусейн Сальск губгъуэм зэрикIуэдари, я дэлъху нэхъыжь дыдэ Хьэлымрэ илъэс 18 фIэкIа мыхъуа Исмэхьилрэ хъыбарыншэ зэрыхъуам къикIри, «зауэр доух, мыгувэу сынэкIуэжынущ» жиIэу къэзытха ТIутIэ афIэкIа зэрамылъагъужынури.

- Абдеж щыщIидзэри, ди гъащIэр лъапэдэгъэзеигъуэ хъуащ. Ди адэм и узыншагъэр арыншами щIагъуэжтэкъыми, апхуэдиз гуауэр куэдрэ хуэхьакъым: илъэс зыбгъупщIщ зэрыпсэужар зауэм и ужькIэ. Гуауэм щхьэуназэ ищIат ди анэри. И псэр пыту дунейм тет щхьэкIэ, узэмыхъуэпсэнт. ИкIэм-икIэжым гъуэгум кърижэ машинэм щIэкIэрэхъуэжащ. Мыдрей къэнахэри дытхъакъым, - игу къигъэкIыжырт ФатIимэт.

1985 гъэм ФатIимэт и цIэкIэ Архивым къикIа письмом итщ: «Лейтенант Джэрыджэ Анатолэ Алджэрий и къуэр, 1920 гъэм КъБАССР-м къыщалъхуар, зауэм хэкIуэдащ 1945 гъэм январым и 14-м. Польшэм щыщ Кельце къалэм щыщIалъхьащ». А сатыр зыщыплIым ихуащ адыгэ щIалэ ахъырзэманым, лъэпкъ щэнхабзэм и лэжьакIуэ гъуэзэджэ хъуну щытыгъам и гъащIэ псор.

Иджы зэшыпхъухэм ящIэ Польшэр хуит къыщащIыжым я дэлъху ТIутIэрэ абы и ныбжьэгъуфI Калатухин Владимиррэ зэгъусэу танкым зэрырисхьар. Ауэ нобэми зэрыхъыбарыншэщ Хьэлыми, Хъусейни, Исмэхьили. Дэна ахэр щыхэкIуэдар? Дапщэщ? Иджы ар къэщIэщыжыгъуафIэ хъуну къыщIэкIынкъым...

Иужь илъэсхэм хабзэ дахэ хъуауэ къокIуэкI зауэм хэкIуэдахэм я цIэхэр уэрамхэм фIащу. Джэрыджэ зэкъуэшхэм я цIэри фIащащ Вольнэ Аул къыгуащIыхь хьэблэщIэ гуэрым и зы уэрамым. Пэжу, зэшыпхъухэр щыгугъат я дэлъхухэм я цIэхэр езыхэр зытеса уэрамым фIащыжыну. Ауэ, уадыгэмэ Iуэхукъэ - дыдейр думыгъэгъэлъэпIэж закъуэмэ, хэти пхуэдгъэлъэпIэнущ, ди щхьэм япэ хамэр идмыгъэщмэ, емыкIуу къыдолъытэ.

Джэрыджэ зэкъуэшхэр зытеса уэрамыр, зэрыгурыIуэгъуэщи, цIэншэтэкъым, нэхъ тэмэму жыпIэмэ, абы зэрихьэрт куржы усакIуэшхуэ Руставели и цIэр. Руставели апхуэдэ пщIэ къимылэжьу, дауи, пхужыIэнукъым, ауэ абы и цIэр фIэпщ хъунущ сыт хуэдэ уэрамми. Анатолэрэ и къуэшхэмрэ къыщалъхуа, щапIа уэрамым нэхъ зэрихьапхъэр абыхэм я цIэрт, сыту жыпIэмэ, ар дэ ди щхьэм хуэтщIыж пщIэм и фэеплъщ, ди тхыдэщ, ди къэкIуэнум и лъабжьэщ. А лъабжьэр ерыщу ди IэкIэ щыщIэдудыж куэдрэ къызэрыхъур къыдгурыIуэжын зэрыхуейрэ Iэджэ щIат. Лъабжьэ зимыIэм щхьэкIэ иIэу зыми илъэгъуакъым.

**АЛЫДЖ Джэрий.**


Хьэлым


Хъусейн


Анатолэ (ТIутIэ)


Исмэхьил

# Яхэтащ Европэр хуит къэзыщIыжахэм

**Мыбы егъэлеиныгъэ гуэри хэлъкъым: лъабжьэ псори сиIэу ар хужысIэ хъунущ мы тхыгъэм зи гугъу щытщIыну цIыхум. Ауэ псори зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу.**

МУЗЭФАР 1914 гъэм Псыхъурей къуажэм къыщалъхуами, и гъащIэм и нэхъыбэр зэпхауэ щытар Кубащ. Абы и дзэ комиссариатым ириджэри, 1941 гъэм зауэм кIуащ икIи занщIэу мафIэм хэхуащ - ар хэтащ зэхэуэ гуащIэхэм икIи лIыгъэ къыщигъэлъэгъуащ

1943 гъэм фокIадэм и 23-м Уэщхъуным къыхуагъэфэщащ Вагъуэ Плъыжь орденыр. Ауэ ар и етIуанэ дамыгъэт: щIалэм и бгъэм хэлът «Сталинград зэрихъумам папщIэ» медалыр. А къалэ ЛIыхъужьым щекIуэкIа зауэзэрылIыр дунейпсо тхыдэм хэхуащ. Хэку зауэшхуэм и екIуэкIыкIэр къызэзыгъэдзэкIауэ икIи ар къыпхуэмылъытэн хуэдизу гуащIэу зэрыщытам тхыгъэ, тхылъ, фильм куэд траухуащи, аргуэру дытемыпсэлъыхьми хъунущ. АтIэ апхуэдэ лыгъэм къыхэжаныкIахэм ящыщщ Уэщхъуэныр.

1944 гъэм и жэпуэгъуэм а дамыгъэхэр щы хъуащ - СССР-м и гъунапкъэм щекIуэкIа зауэхэм щхьэмыгъазэу зэрызыкъыщигъэлъэгъуам къыхэкIыу Музэфар къратащ «ЛIыгъэ зэрызэрихьам папщIэ» медалыр.

Куэдым къалъытэ 1945 гъэр ди зауэлIхэм я дежкIэ нэхъ тыншу щытауэ. Ар къызыхэкIыр гурыIуэгъуэщ: фашист Германиер зэрыхагъэщIэнур белджылы хъуат, зэрыпхъуакIуэхэр икIуэтырт. Пэжщ, 1941 гъэми, нэхъ хьэлъэжу щыта 1942 гъэми ебгъапщэ хъунукъым, арщхьэкIэ ди дзэхэм кIуэ пэтми нэхъри ерыщу къыпэщIэувэрт уIэгъэ хъуа хьэкIэкхъуэкIэр. Ди щIалэхэм къапэщытт Европэр Гитлер и бжьым къыщIагъэкIыжыным хуэдэ къалэн гугъур. Ар апхуэдэу зэрыщытым щыхьэт тохъуэ Польшэр хуит къэщIыжын къудейм ди зауэлI мин 600-м (!) я гъащIэр зэрыхалъхьар. Ауэ Уэщхъуэныр Тхьэм къихъумащ. Ар апхуэдэу псэууэ къыхэкIащ Австрием и къалащхьэ Венэ хуит къэщIыжыным теухуа зэхэуэми. ИужькIэ яхэтащ Ещанэ рейхым и гъуэ Берлин къэзыщтахэм, Прагэ дыхьахэм. Мыбы уогупсыс европей щыхьэрхэр нацистхэм къызэрыIэщIагъэкIыжам папщIэ ягъэува медали 6-м ящыщу плIыр къэзылэжьа Уэщхъун Музэфар езы Европэ псом и къегъэлакIуэхэм ящыщу къэтлъытэн хуейщ, абы и текIуэныгъэхэм яжь, шэч хэмылъу, зауэм и нэгъуэщI IэнатIэхэми зэращIихуам къыхэкIыу.

Мис апхуэдэу лIыхъужьу Хэку зауэшхуэм хэтащ Уэщхъун Музэфар. Абы игъэхъахэм, мызэмытIэу уIэгъэ зэрыхъуам теухуауэ сэ нэхъыбэ фхуэсIуэтэну сыхуейт, сщIэуэ щытамэ. АрщхьэкIэ, илъэс зыкъомкIэ махуэ къэс сыхуэзэу икIи си гъунэгъуу щытами, абы езым зауэм щигъэхъахэм теухуауэ зыгуэр къиIуэтэжу е нэгъуэщIым жриIэу срихьэлIакъым, ар абы къилъытэу къыщIэкIынут адыгэлIым къемызэгъыу.

ИужькIэ зэфIигъэкIахэм нэхъ сыщыгъуазэщ. ГъэщIэгъуэнщ, ауэ дэ ТекIуэныгъэр къытхуэзыхьахэм я гугъу щытщIкIэ сыт щыгъуи нэхъ къыхэдгъэщыр а цIыхум зауэм щызэрихьа лIыгъэрщ, абы зэхэфыщIа къэралым мамыр гъащIэр щызэфIэгъэувэжыным хуищIа хэлъхьэныгъэр яужь къыдогъанэ. АрщхьэкIэ абы и мыхьэнэри цIыкIукъым.

Зауэм ипэкIэ техникум къэзыухыу егъэджакIуэу лажьэу ираджа Уэщхъуныр къызэригъэзэжу ягъэуващ Къулъкъужын Ипщэ школым и унафэщIу. А лэжьыгъэр зэпэщу зэрырихьэкIам и щыхьэтщ 1948 гъэм Куба райисполкомым цIыхухэм щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ и къудамэм и Iэтащхьэм и къулыкъур къызэрыхуагъэфэщар. Фронтым Iуту 1944 гъэм ВКП (б)-м хыхьа Музэфар зыкъигъэлъэгъуат Iуэхур зыунэтIыф, жыджэрагъ ин зыхэлъ коммунисту, и щIэныгъэми институтым щыхигъэхъуат. Абы а къулыкъур зэрихьащ 1956 гъэм и мазаер къэсыху. Ар пIалъэшхуэщ, зрихьэлIа зэман мытыншыр, зэблэкIыгъуэр, къэплъытэмэ.

Уэщхъуныр жэщ-махуэ жимыIэу икIи гукIи псэкIи етауэ и лэжьыгъэм бгъэдэтт. Ауэ и хьэлыр зэран къыхуэхъурт. ЖьэнахуэIуэт, абы къилъытэрт коммунистыр сыт и лъэныкъуэкIи щапхъэу щытын хуейуэ. Музэфар пхъашэу къыщыпсалъэрт партым и райкомым и зэхыхьэхэми, нэгъуэщI зэхуэсхэми. Псом япэ иригъэщри езым зыдилъэгъуа ныкъусаныгъэхэрт. АтIэ зыщымысхьыж цIыхум нэгъуэщIхэм яхуишэчынт щыщIэныгъэхэр? Зэгуэр псалъэмакъышхуэ къикIауэ щытащ къулыкъухэм щагъэувкIэ нэфI-ней, благъагъэ зэрызэрахьэм теухуауэ жиIахэм. Хэбгъэзыхьмэ, КПСС-м и обкомми нэсат ар. АпщIондэхукIэ зи жагъуэ ищIхэм я бжыгъэм къахэхъуэрт, абыхэми дзэ яIутт, язынықъуэхэм я деж нэхъ жану. Зы школым и унафэщIыр яхэтащ хъыджэбзыр унэидзыхьэу езыхьэжьахэм, адрейм балигъ мыхъуа пщащэм нэчыхь щыхуригъэтхащ мэжджытым. Хэт къуаншэр? Дауи, РОНО-м и Iэтащхьэрщ. НэгъуэщI дагъуэхэри къыхуащIащ. ТемыкIыу хъунутэкъым...

1956 гъэм щегъэжьауэ 1963 гъэм нэсыху егъэджакIуэ къызэрыгуэкIыу лэжьауэ Музэфар а илъэс дыдэм Куба и пщыхьэщхьэ школым и унафэщIу ягъэуващ, а лэжьыгъэми пэрытащ псэухукIэ.

И щхьэгъусэ Наушэ (Женэу ятхырт) Куба щыпсэу Къалмыкъхэ япхъут, егъэджакIуэт. А тIур зауэм щIидзэн ипэкIэ зэрышащ икIи зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу зэдэпсэуащ. 1916 гъэм къалъхуа ари ящыщт зи балигъ хъугъуэр зэман хьэлъэм хиубыдахэм. Нэхъыжьхэм я гъусэу губгъуэм итащ жэщ-махуэ жимыIэу, нэмыцэхэр дахужа иужь школым щригъэджащ, а псоми пэкIуэу къыхуагъэфэщащ «1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм фIы дыдэу зэрылэжьам папщIэ» медалыр. Ауэ абы къыщыувыIакъым: сабийхэм щIэныгъэ егъэгъуэтыным, ахэр гъэсэным я IэнатIэм къыщихьа ехъулIэныгъэхэм къыхэкIыу 1967 гъэм къыфIащащ «КъБАССР-м и школым щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ» цIэ лъапIэр.

Музэфаррэ Наушэрэ быни 4 зэдапIащ, псоми щIэныгъэ нэхъыщхьэ ирагъэгъуэтащ: нэхъыжь Борис (псэужкъым, Тхьэм ахърэт нэхур кърит) КъБКъУ-м и тхыдэ къудамэр къиухащ, къыкIэлыкIуэ Мухьэмэд инженер-механикыу колхозым щылэжьащ, МуIэед щIэныгъэм и лъагапIэхэм нэсащ: сабий акъылыфIэхэм я физико-математикэ школ хэхауэ МГУ-м и деж щыIэм иужькIэ Москва и физико-техникэ институтри, абы и аспирантурэри къызэринэкIащ, техникэ щIэныгъэхэмкIэ докторщ, профессорщ, КъБКъУ-м илъэс куэд хъуауэ щрегъаджэ. Зэкъуэшхэм я шыпхъу закъуэ Иринэ пIалъэ кIыхькIэ сабий садым и унафэщIу щытащ, иджы пенсэм щысщ. Абыхэми, я унагъуэхэми тхыгъэ щхьэхуэхэр яхуэфащэщ.

Езы Музэфар сыт хуэдэ зэманми пщIэшхуэ иIэу къекIуэкIащ. ЩIэблэр гъэсэным, абыхэм хьэл-щэныфIхэр яхэлъхьэным и къару псори ирахьэлIащ. Псом хуэмыдэу зэщхьэгъусэхэр елIэлIащ зэрырагъаджэ анэдэлъхубзэмрэ литературэмрэ хуащI гулъытэр къэIэтыным. Газетхэм тхэуэ щытащ. И зы тхыгъэм - Къулъкъужын Ипщэм и школакIуэхэр колхозым зэщIэгъэуIуауэ зэрыдэIэпыкъум теухуам, КПСС-м и обкомым и бюром щытепсэлъыхьауэ щытащ.

Мыбы щIызгъужынут сигу къэкIыж гуэр. ИпэкIэ къызэрыщыхэзгъэщащи, си гъунэгъут, псом хуэмыдэу МуIэед срипыбжьэгъут икIи си классэгъути, зэман щызгъакIуэу сэ куэдрэ сихьэрт я унагъуэм. Абы япэу щыслъэгъуауэ щытащ «Ленин гъуэгу» газетыр. Нэхъ сыкъыдэкIуэтея иужь къэсщIащ сэри си тхыгъэ абы къытрезгъадзэ зэрыхъунур. Ар си дежкIэ щIэдзапIэт.

Езы Музэфар куэдрэ псэуакъым. Абы къыщIыхьэжауэ къыщIэкIынущ Сталинград щихъумэм, Европэр хуит къыщищIыжым ишэча гугъуехьхэмрэ игъуэта фэбжьхэмрэ. 1977 гъэм ар зэуэзэпсэу дунейм ехыжащ.

**ШАЛ Мухьэмэд.**



# Зытригъапсэм блэмыукI фочауэт

**Ахуэмгъуэт Хьэсин Тамбий и къуэр Къызбрун ЕтIуанэ (Ислъэмей) къуажэм къыщалъхуащ 1923 гъэм, накъыгъэм и 9-м. Тамбий и унагъуэм зэгурыIуэ илът, лэжьыгъэр фIыуэ щалъагъурт, хьэщIагъэ яхэлът. ЛIыр колхозым щылажьэрт, унэгуащэм унагъуэ, бын Iуэхухэр и пщэм дэлът. Анэм быным яхилъхьэрт щэн дахэ, щIипIыкIырт адыгэ хабзэм, игъасэрт цIыхугъэ яхэлъу. Апхуэдэу и бынхэр игъэсэнымкIэ сэбэп къыхуэхъурт щIэх-щIэхыурэ яжриIэ хъыбарыжьхэр, IуэрыIуатэр, и нэхъыжьхэм ядилъэгъуа щапхъэхэр. Хьэсин зэрыбынитхум я нэхъыжьт. Тамбийрэ Гуащасэрэ я бынхэр къыдэкIуэтейрт, мурадхэр ящIырт, къэзыухъуреихь дунейр я щIэщыгъуэу псэурт... АрщхьэкIэ, псори напIэзыпIэм къызэпиудат зауэжьым.**

ИЛЪЭС 17-м иту Хьэсин зауэм дэкIащ. Зытригъапсэм блэмыукI фочауэ жану итащ щIалэр зэхэуэ гуащIэхэр щекIуэкI губгъуэм. IэпсынщIэлъэпсынщIэт, жант, хэлъэт иIэт, гурыхуэти, зауэлI ныбжьыщIэм пщэрылъ къыщащI Iуэхухэр екIуу игъэзащIэрт. Хьэсин яхэтащ Мэздэгу, Ставрополь, Ростов, Севастополь, Мелитополь, нэгъуэщI къалэхэри хуит къэзыщIыжахэм. Ахуэмгъуэтыр 59-нэ армэм и 347-нэ дивизэм и 1177-нэ фочауэ полкым и къудамэм и унафэщIт. Зауэр къэмыхъей щIыкIэ, нэщанэ еуэнымкIэ зэпеуэ куэдым бжьыпэр щиубыдурэ къэгъуэгурыкIуа щIалэм и нэIэ щIэт сэлэтхэр куэдым хуигъэсащ. Зыхэт взводым и снайпер нэхъыфI хъуат мазэм кърнубыдэу зыхэта гъэунэхуныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ. Фочауэ-снайпер Iэзэм фашист 70 хуэдиз иукIащ. Езым игъэсэжащ снайпер цIыхуи 300-м нэс. Ар къалъытащ зауэлIым «Снайпер» дамыгъэр къыщыхуагъэфащэм. Командирым дамыгъэр кърнтыжа нэужь, унафи ищIащ снайпер фоч нэхъыфI дыдэ къратыну, «Старшему сержанту Ахомготову от командующего» псалъэхэри тратхэну.

Сержант нэхъыжьыр зыхэта зэхэуэ нэхъ гуащIэ дыдэхэм ящыщт Керчь деж щекIуэкIар. Дзэ Плъыжьым и сэлэтхэм хэщIыныгъэшхуэ кърнтат биймв, топышэхэмкIэ хьэлэчыр къыхрагъэхырт. Нэмыцэхэм ди сэлэтхэм къытраунэщIэну ягъэхьэзыра топхэм ящыщ зы къигъэуащ Хьэсин. Бийм зыщигъэбыда щIыпIэм гу къылъамытэу екIуалIэри, топ зэрагъауэм лагъым тридзащ. Ахуэмгъуэтым гу къылъатащ фашистхэм, къыкIэлъыуэуи щIадзащ. ЩIалэ хахуэр къикIащ а псэзэпылъхьэпIэм - ныбафэкIэ пщыурэ щIытIым нэсри, абыи лагъым дидзащ. Псэууэ къэна нэмыцэ офицерхэмрэ сэлэтхэмрэ гъэру къищтащ снайпер лIыхъужьым. Хьэсин зэрихьа лIыгъэм теухуа тхыгъэ фронтым къыщыдэкIыу щыта «Знамя Родины» газетым 1944 гъэм жэпуэгъуэм и 28-м тетат.

Ахуэмгъуэтым хахуэу зыкъыщигъэлъэгъуащ Севастополь хуит къыщащIыжми. Бийм и Iэщэфащэхэр щихъумэ автомашинэу тIу къигъэуащ, нэмыцэ офицеру 8 иукIащ. Севастополь деж уIэгъэ щыхъуащ зауэлIыр. Ауэ госпиталым кIуэн идакъым, медсанчастым и уIэгъэр щригъэапхэри, Iэщэр къищтэжат.

Снайпер Iэзэ, зытригъапсэм блэмыукI фочауэ, зауэлI хахуэ Ахуэмгъуэт Хьэсин къыхуагъэфэщащ дамыгъэ куэд. Абыхэм ящыщщ ЩIыхьым и етIуанэ, ещанэ нагъыщэхэр зиIэ орденыр, «Кавказыр хуит къызэрищIыжам папщIэ», «Зауэ щIыхьым папщIэ», «Германием зэрытекIуам папщIэ» медалхэр. Мызэ-мытIэу кърат ащ Сталин Иосиф и фIыщIэ тхылъ. Хэку зауэшхуэм и етIуанэ нагъыщэ, Октыбрь революцэм и орденхэр зауэлIым кърат ащ цIыхухэр мамыр гъащIэм хыхьэжа нэужь - 1985, 1971 гъэхэм.

Зауэр иуха нэужь, Ахуэмгъуэт Хьэсин щалъхуа щIыпIэм къигъэзэжащ. И къуажэгъухэм ящIыгъу колхозыр къиIэтыжащ, губгъуэм илэжьыхьащ. Унагъуэ дахэ иухуащ, быниплI къыщIэхъуащ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, и бынхэм ящыщу псэужыр ипхъу Алёнэ и закъуэщ. Хьэсин лэжьакIуэшхуэт, цIыху емызэшт. Къуажэдэсхэм пщIэшхуэ къыхуащIт, куэдым яхуэхъурт чэнджэщэгъу.

1988 гъэм мазаем и 30-м дунейм ехыжащ зауэ гъуэгум лIыхъужьу ирикIуа, зауэ нэужьми къуажэ гъащIэр зэтегъэувэжыным хэлъхьэныгъэ хуэзыщIа сэлэт хахуэр, адыгэлIыр. Абы и цIэр фIащыжащ Ислъэмей къуажэм и уэрамхэм ящыщ зым.



**ГЪУЭТ Синэ.**

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр



# Узыншагъэмрэ дахагъэмрэ я ІэщІагъэлІхэр

**Иджырей гъуазджэм и пэшу Къэбэрдей-Балъкъэрыр илъэси 100 зэрырикъум и цІэр зезыхьэ паркым итым къыщызэІуахащ ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 80 щрикъум ирагъэхьэлІа гъэлъэгъуэныгъэ. Ар теухуащ къэралым и щхьэхуитыныгъэр къэзэуным, къалэр зэфІэгъэувэжыным зи зэфІэкІ хэзылъхьа дохутырхэмрэ архитекторхэмрэ. Зым уІэгъэ хъуахэр кърагъэламэ, зауэ нэужьым сымаджэхэр игъэхъужамэ, адрейхэм нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэм зэхакъута къалэм и теплъэр зэфІагъэувэжащ - а псори зэфІэкІрэ лІыгъэрэ зэпхьэлІэн Іуэхут.**

ДЭТХЭНЭ совет цІыхуми хуэдэу, гъэлъэгъуэныгъэр зытеухуа ІэщІагъэлІхэр я къару еблэжакъым цІыхубэм псэкІэ зиузэщІыжын, гъащІэ мамырым лъабжьэ быдэ игъуэтыжын папщІэ.

Мыхьэнэшхуэ зиІэ «Дызэгъусэу», «ТекІуэныгъэ», «ГукъэкІыж», «Хэку», «Иригушхуэ», «Ди къэкІуэнур» псалъэхэр зытет кІэлъымпІэ Іувхэр кІапсэкІэ фІэщІащ пэшым и унащхьэм. Абыхэм я зэхуакухэм къыдощ Налшык къалэм и щІыпІэ, ухуэныгъэ гъэщІэгъуэнхэм зэман зэхуэмыдэхэм траха сурэтхэр, ахэр зи проекткІэ ящІа архитектор цІэрыІуэхэр къозыгъэцІыху, я гъащІэ гъуэгуанэм кІэщІу ухэзыгъэгъуазэ плакатхэр. Я щІыбагъхэри нэщІкъым абыхэм - хъурейуэ къыздэпкІухьым лъэныкъуитІми зауэ зэманым, абы иужь илъэсхэм ухашэ. Пэшым и хъуреягъкІэ щыболъагъу дохутырхэр, яхузэфІэкІар яфІэмащІэми ярейуэ, я нэ плъызахэм уагъэгумэщІ.

Зы плІанэпэм дэтщ зауэ зэманым и нэщэнэхэу хьэпшып зэмылІэужьыгъуэхэр (радио, сурэттех, пхъуантэ, гъущІ пыІэ, н. къ.) зытет дапхъэ. Адрей лъэныкъуэмкІэ къыщытым телъщ дохутыр хуэІухуэщІэхэр (хущхъуэ зэрыхалъхьэ мастэ, лъы дэуейр къызэрапщ Іэмэпсымэ, хущхъуалъэ, щІыфэм трагъауэ банкІ, н. къ.).

Гъэлъэгъуэныгъэр къызэзыгъэпэща ІуэхущІапІэм, къалэм и зыужьыныгъэмкІэ «Платформа» институтым, дэІэпыкъуэгъу хуэхъуахэщ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэмрэ Архитекторхэм я щІыналъэ зэгухьэныгъэмрэ. КъБР-м и Архитекторхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Логоватовский Юрий гъэлъэгъуэныгъэр дауэ къыщыхъуами дыщеупщІым, гушхуэныгъэ ин къызэрыхилъхьар къыхигъэщащ. «Мыпхуэдэ гъэлъэгъуэныгъэхэм, хабзэ зэрыхъуауэ, зэманым «и мэ къыщыкІэрихыр» нэхъыбэщ, мыр нобэрей гъащІэм хуэкІуэу, уигъэину, абы щыгъуэми гуауэм и инагъыр зыхыуигъащІэу гъэщІэгъуэн гуэрщ. Сигу ирихьащ жысІэнри зыри жызмыІэххэнри зыуэ къысщохъу, сызэримыгугъауэ зэпэщ, узыгъэгупсысэ, куэд къызэщІэзыубыдэ Іуэху дахэ хъуащи», - жиІащ абы.

ЗэІущІэм зыкърагъэхьэлІат КъБКъУ-м АрхитектурэмкІэ, ухуэныгъэмрэ дизайнымкІэ и институтым и студентхэм. Нэрылъагъут ныбжьыщІэхэм ялъагъу псор зэрафІэгъэщІэгъуэныр, я ІэщІагъэм нэхъри зэрытрагъэгушхуэр.

Гъэлъэгъуэныгъэм зи цІэ къыщраІуахэм я къалэн хьэлъэм хуэдэ зы дохутыри зы ухуакІуи я пщэм дяпэкІэ къыдэмыхуэну, гъащІэ узыншэ, гъащІэ дахэ яІэну!

**ИСТЭПАН Залинэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*



*Ди газетым и къыкІэлъыкІуэ номерыр къыщыдэкІынур накъыгъэм и 12-рщ*

# Зэдатащ зэкъуэшитІым я гъащІэр

**Хэку зауэшхуэр иджыри илъэс куэдкІэ щІэрыщІэу къызэІутхыжынущ, абы епха напэкІуэцІ щІэхъумахэр, щІэуэ къэтщІа гуэрхэр щІыдгъужурэ, хэкІуэдахэм ятеухуа хъыбархэр зэхуэтІуэтэжынущ.**

ЗАУЭМ хэкІуэда и Іыхьлыхэмрэ унэкъуэщхэмрэ я хъыбар иджыблагъэ къытхуиІуэтэжащ Мэлбахъуэм и цІэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэм и лъахэхутэ къудамэм и библиотекарь нэхъыжь Безыр (Хъандэхъу) Ленэ.

«Сэ сыкъызыхэкІа Безырхэ ящыщу цІыху 12 хэкІуэдащ зауэм. Псыгуэнсу и уэрамхэм я зым абыхэм я цІэ зэрехьэ, езыми «Хэку зауэшхуэм хэкІуэда Безыр зэкъуэшхэм я фэеплъ» тетщ. Си адэшхуэмрэ абы и къуэш нэхъыщІэмри яхэтщ абдежым зи цІэ тетхахэм: Безыр Къасым и къуэхэу Мухьэмэдрэ (1902 - 1942) Нашрудинрэ (1921 - 1942). Илъэс пщыкІубгъу зи зэхуаку зэкъуэшитІым зы махуэм я гъащІэр зэратар, зы мащэми зэрыралъхьэжар ди унагъуэм нэхъ хъыбар гуузу илъхэм ящыщщ.



Безыр Мухьэмэд



ЗэкъуэшитІри 1941 гъэм зауэ ІэнатІэм зэрыІухьам и щыхьэту къоув Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу зауэм хэкІуэдахэм я цІэхэр щызэхуахьэсыжа «Фэеплъ тхылъыр». Ардыдэм щыгъуазэ дещІ Безырхэ Мухьэмэдрэ Нашрудинрэ Харьков деж зэрыщыщІалъхьам. Ауэ Іуэхур къызэрекІуэкІам и хъыбарыр къытхуэзыІуэтэжар псоми фІыуэ яцІыху ди къуажэгъу, ІуэрыІуатэдж КъардэнгъущІ Зырамыкут. Ар езыр си адэшхуэхэм я гъусэу дэкІа къудейтэкъым, зэрыхэкІуэда щІыкІэри и нэгум щІэкІат. «Мыр илъэс куэд щІауэ фхуэсІуэтэжыну си гум илъу къызохьэкІ, иджы сыхуэхьэзыру къысщохъури, кхъыІэ, сщымыгъупщэж щІыкІэ, фыкъызэдаІуэ», - жиІэри, Зырамыку си адэм деж къэкІуауэ щытащ махуэ гуэрым.

Зэгъусэу дэкІахэр зыхэт дзэм и Іыхьэр 1942 гъэм Харьков деж щызауэу, къикІуэтын хуей хъуащ. АрщхьэкІэ Нашрудин уІэгъэ хьэлъэ хъуати, и къуэш нэхъыщІэр губгъуэм къримынэу, Мухьэмэд абдежым къыщынащ икІи зэкъуэшитІым абдежым я псэр щатащ. Ахэр Харьков деж «къуэшыкхъэм» зэрыщыщІалъхьари итщ ищхьэкІэ зи цІэ къитІуа тхылъым.

Къуажэм гукъэкІыж куэд дэлъщ си адэшхуэ Мухьэмэд теухуауэ. Абы дин щІэныгъэ бгъэдэлъащ, республикэм ита мыдрисэхэм я зыр къиухауэ. Хабзэшхуэ хэлъу, хьэрычэтыщІэ лъэрызехьэу щытауэ къытхуаІуэтэж. Чырбыш ищІу, абы къыщІиха мылъкумкІэ цІыхухэм ядэІэпыкъуу, псапэ щІэнкІэ ерыщт. НысащІэхэм псы къыздрах щІыпІэм кІуэ гъуэгум кІэлъыплъу, зи Іуэху дэмыкІхэм щІэупщІэу, щэхуми нахуэми, и мылъку ятригъэкІуадэу апхуэдэт. «Ди зекІуапІэхэм телъ уэсыр итхъуауэ нэху дыкъекІыу щытащ», - жаІэж иджы зи нэхъыжьыгъуэ нанэхэм. ЛэжьакІуэшхуэу, мылъкуми пщІэ хуищІу щытами, цІыхум япэ сомыр зэи иригъэщакъым. Абы и щыхьэту зы «нысашэ хъыбари» къызэринэкІащ ди адэшхуэм. ХьэщІэ къеблэгъахэм языхэз тутын ефэу къыщІэкІат. Къажыхьа-нажыхьами, газет кІапэ къудей къэбгъуэтыну гугъут а зэманым. «Къуажэм ди напэр токІ», - жаІэн ямыухыу, Мухьэмэд и жыпым иІэбэщ, мэл къызыщІэкІын тхылъымпІэ ахъшэ ишыхьри, хьэщІэм зыкъримыгъащІэу тутын хьэзырыр хуишият, жаІэж. Апхуэдэ гуэру къыщІэкІынщ «Адыгэм и хьэщІэр быдапІэ исщ» щІыжаІэри.

Алыхьыр унагъуэшхуэкІэ къыхуэупсат си адэшхуэм. Си адэр абы къыщІэна быниплІым язт. А мащІэращ сщІэр абы теухуауэ, итІани, уи щхьэр лъагэу щІэпІэтын цІыху уи япэ итахэм щахэтым деж, гъащІэм нэхъ гу зэІухакІэ ухэтыфщ. Ахэр дунейм темытыжми, уэ къыпхуащІ пщІэр абыхэм къызэрыпхуалэжьар зыщумыгъэгъупщэмэ, уэри цІыхухэм напэ къабзэкІэ уазэрыбгъэдэтыным иужь уитынущ».

**ЧЭРИМ Марианнэ.**

# Зы мафІэгум зэдисахэм я хъыбар

**Горький Максим и цІэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрым и артистхэм накъыгъэм и 6-м япэу ягъэлъэгъуащ Рощин Михаил и тхыгъэм къытращІыкІа «Эшелон» драмэ спектаклыр. Ар ягъэуващ Хэку зауэшхуэм ТекІуэныгъэ Иныр ди къэралым къызэрыщихьрэ илъэс 80 зэрырикъум и щІыхькІэ.**



СПЕКТАКЛЫМ и режиссёрыр КъБР-м щІыхь зиІэ и артисткэ Толстовэ Евгениещ. Ар теухуащ Хэку зауэшхуэм и зэманым къуэкІыпІэм ягъэІэпхъуа, Москва и заводхэм щылажьэ цІыхубзхэмрэ абыхэм я сабийхэмрэ. МафІэгу зэвым мазэ бжыгъэкІэ исын хуей хъуа цІыхубз къызэрыгуэкІхэм гугъуехь куэд къызэранэкІыну къапэщылът. Ахэр зэрымыцІыхуми, хьэл-щэнкІэ зэмыщхьми, я дуней еплъыкІэр зэтемыхуэми, зэкъуигъэуват зауэр мыгувэу иухыным теухуа гугъэфІ зэраІэмрэ гъащІэм щынэхъыщхьэ цІыхугъэр яхъумэну зэрыхущІэкъумрэ. Бзылъхугъэхэр чэзууэ сабийхэм кІэлъоплъ, зэдопщафІэ, зэдошхэ, сымаджэхэм ядоІэпыкъу. КІэщІу жыпІэмэ, мафІэгур абыхэм пІалъэкІэ унэ яхуэхъуащ. А псоми къару зиІэу яхэтыр эшелоным и унафэщІ щІалэм и закъуэщ.

Япэ дакъикъэхэм щыщІэдзауэ, къэгупсыса мыхъуу, унагъуэхэм, къэралым я гъащІэр зыхъуэжа 1941 гъэм епха щэхухэм апхуэдизкІэ узыщІашэри, узыхэт зэманыр пщегъэгъупщэ. УІэгъэ хъуахэр е яукІахэр къыщымыгъэлъэгъуэжами, топышэ макъхэр къыщымыІуми, абдеж зауэр зэрыщекІуэкІыр, шынагъуэхэмрэ гугъуехьхэмрэ цІыху мамырхэм къазэрыщхьэщытыр, и гузэвэгъуэхэр къазэрылъэІэсыр нэрылъагъущ. Дэтхэнэри тогузэвыхь зауэм и зэранкІэ зыпэІэщІэ хъуа и Іыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ.

Зауэм теухуа лэжьыгъэхэм къащхьэщыкІыу, «Эшелон» спектаклым нэхугъэкІэ, гушыІэкІэ, гугъэкІэ гъэнщІащ. Аращ театреплъхэм нэпс щІагъэкІ къудей мыхъуу, я дыхьэшх макъи щІызэхэпхыр.

И нэгу щІэкІа Іуэхугъуэхэр лъабжьэ зыхуэхъуа тхыгъэр зи ІэрыкІ Рощин Михаил пьесэр и анэм тыгъэ хуищІащ, Хэку зауэшхуэм пхыкІа анэхэм, бзылъхугъэхэм, сабийхэм лІыгъэшхуэ зэрызэрахьам щыхьэт техъуэу.

Нэхъыщхьэращи, зэрыхабзэу, тхыдэм и гузэвэгъуэм теухуа спектаклым уримыгъэзэшауэ укъыщІокІыж. Ар и щыхьэтщ артистхэм я ролхэр къазэрехъулІам, мытыншми, къагъэлъэгъуэж зэманым хэтам хуэдэу зытепсэлъыхьхэр ди фІэщ зэращІыфам.

Зэманым жьы хуэмыщІыну мы лэжьыгъэм щІалэгъуалэр нэхъыбэу еплъын хуейщ, гъащІэм, мамырыгъэм, щхьэхуитыныгъэм, цІыхугъэм я уасэр зыхащІэн папщІэ.

**ТЕКІУЖЬ Заретэ.**
*Сурэтыр* **Къэрей Элинэ** *трихащ.*

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч
Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ ІуэхущІапІэм ПИ № ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ. 12+
ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщІ-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66
Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.437
Заказыр №993
ДИ ХЭЩІАПІЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цІэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІанэ къатхэр.
Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.
«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А